ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

I924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№124 (24.094) ● 2020 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 15, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



# КъБР-м и Iэтащхьэр хэтащ Террорым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым и зэIущIэм

**Террорым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым и Iэтащхьэ, Урысейм и ФСБ-м и унафэщI Бортников Александр жэпуэгъуэм и 13-м Москва щригъэкIуэкIащ а IэнатIэм и зи чэзу зэIущIэр. Абы щыхэплъащ Урысей Федерацэм щыщ щIыналъэхэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэхэм терроризмэм щыпэщIэтыным ехьэлIа Iуэхухэм.**

ВИДЕОКОНФЕРЕНЦ зэпыщIэныгъэ мардэм тету екIуэкIа зэIущIэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ К. В., Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу федеральнэ щIыналъэхэм щыIэхэр, КИФЩI-м террорым пэщIэтынымкIэ и комиссэхэм я унафэщIхэр.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым Бортников А. В. къигъэлъэгъуащ 2019 гъэм къыщыщIэдзауэ Кавказ Ищхъэрэм терроризмэм пыщIа щIэпхъаджагъэу 36-рэ, абыхэм ящыщу 19-р теракту, къыщамыгъэхъун зэрахузэфIэкIар, Iэщэ яIыгъыу къапэщIэуvауэ 60 зэраукIар, бзаджащIэу 144-рэ абыхэм я дэIэпыкъуэгъууи 144-рэ зэраубыдар, щэхурылажьэ гупу 35-м я лэжьыгъэр къызэрызэпаудар.

Абы къыдэкIуэу, дунейпсо террорист зэгухьэныгъэхэм я Iэтащхьэхэр хущIокъу терроризмэм и мэсхьэбыр Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэм щыпхагъэкIыну, цIыхухэр зыхашэным яужь итщ, абы папщIэ къагъэсэбэпхэм ящыщщ социальнэ сетхэмрэ хъыбархэр псынщIэу зэрызэIэпах нэгъуэщI Iэмалхэмрэ.

Дунейпсо террорист зэгухьэныгъэхэм цIыхухэр дашэхын мурадкIэ ирагъэкIуэкI хьэгъэщагъэхэм щIыналъэм исхэр щыхъума хъун мурадкIэ, Урысей Федерацэм и Президентым къищта, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэр терроризмэм и идеологием пэIэщIэ щIыным хуэгъэза Комплекснэ планым тету зэфIагъэкI профилактикэ лэжьыгъэхэр. Ахэр хуэунэтIащ терроризмэр щIэпхъаджагъэм зэрытещIыхьар цIыхухэм къагурыгъэIуэным, бзаджащIэхэм ахэр, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр, къагъэдаIуэу залымыгъэ Iуэхухэр лэжьыным хемыгъэшэным.

Властымрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ органхэм, террорым пэщIэтынымкIэ щIыналъэ комиссэхэм гулъытэ щхьэхуэ хуащI террорист гупхэм нэхъ зыхашэфынкIэ хъуну къалъытэ цIыхухэм, абыхэм ящыщу я нэIэ нэхъ тетщ щIэпхъаджащIэ яукIахэм я Iыхьлыхэм, терроризмэм пыщIа щIэпхъаджагъэ илэжьу тезырыр езыхьэкIахэм, щIалэгъуалэм. Сириемрэ Иракымрэ кърашыжа сабийхэм я псантхуэр зэтеувэжыным, социальнэу защIэгъэкъуэным хуэунэтIа лэжьыгъэхэри ирагъэкIуэкI.

Профилактикэ Iуэхухэм къыхашэ Iулыдж зиIэ дин лэжьакIуэхэр, щэнхабзэм, жылагъуэм и адрей IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

Террорым пэщIэтынымкIэ комиссэхэм хэтхэр йопсэлъылIэ апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зэралэжьам щхьэкIэ къытралъхьа тезырхэр зыпшыныжу тутнакъэщхэм къикIыжахэм, апхуэдэу абыхэм щIалэгъуалэр яущий пхуэмыгъэзэкIуэжын щыуагъэ ямылэжьыну.

ЗэIущIэм зыщытепсэлъыхьахэр и лъабжьэу къащтащ КИФЩI-м терроризмэм пэщIэтыным хуэунэтIауэ щызэфIагъэкI лэжьыгъэр егъэфIэкIуэн, щIыналъэм щыпсэухэр залымыгъэм и идеологием, ахэр щIэпхъаджащIэ гупхэм зыхашэным щыхъумэн я лъэныкъуэкIэ къэув къалэн нэхъыщхьэхэр.

*Террорым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым и пресс-IуэхущIапIэ.*



# Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъу Налшык дэтым деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэмрэ 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м къэхъуа гузэвэгъуэр илъэс 15 зэрырикъумрэ теухуа Iуэхухэм икIи удз гъэгъахэр щигъэтIылъащ хабзэхъумэхэм Налшык щыхуагъэува мемориалым деж.**

А ДАУЭДАПЩЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Т. Б., КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков А. ТI., КъБР-м щыIэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Т. Э., республикэм и хабзэхъумэ, къарузехьэ органхэм я унафэщIхэр.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ а махуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкIэ нэщхъеягъуэу зэрыувар. Илъэс 15-кIэ узэIэбэкIыжмэ, террористхэр Налшык къытеуащ. Абыхэм я Iэр къыхуаIэтащ нэхъ лъапIэ дыдэм - цIыхухэм я гъащIэхэм, республикэм и къэралыгъуэм, Хэкум и къэралыгъуэм. Ауэ хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэм къагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэмрэ ахэр къэмыланджэу абыхэм зэрапэщIэуvамрэ я фIыгъэкIэ бзаджащIэхэм я мурадхэр къайхъулIакъым.

«Нобэ дэ дигу къыдогъэкIыж Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ щыпкъэхэр, республикэм щыпсэухэм я гъащIэхэр зыхъумахэр. Абыхэм я фэеплъ нэхур дэ зэи тщыгъупщэнукъым. АтIэми дэ дылэжьэн, дыпсэун хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэми, дунейм и нэгъуэщI щIыпIи апхуэдэ гузэвэгъуэ къыщыдмыгъэхъуным дыхущIэкъуу», - къыхигъэщхьэхукIащ КIуэкIуэ К. В.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

# КъБР-м и Iэтащхьэр хэтащ Ингушыр езым фIэфIу Урысейм зэрыхыхьэрэ илъэс 250-рэ зэрырикъум иращIэкIа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэм

**Ингуш Республикэм щыщ Сунжэ къалэм иджыблагъэ щызэхэтащ щIыналъэр езым фIэфIу Урысей къэралыгъуэм зэрыхыхьэрэ илъэс 250-рэ зэрырикъум ехьэлIа гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр. Тхыдэ мыхьэнэ зиIэ къэхъукъащIэм теухуа дауэдапщэхэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

МАХУЭШХУЭР гъэлъэпIэным теухуауэ зэхалъхьа программэм хэту авиашоу къызэрагъэпэщат, МиГ-29 истребителхэр уэгум щыхуарзэу, иужькIэ урысей, кавказ эстрадэхэм я артист пажэхэр зыхэта концерт дахи ягъэлъэгъуащ.

КIуэкIуэ Казбек ди къуэш Ингушым исхэмрэ республикэм и Iэтащхьэмрэ я махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм къабгъэдэкIыу, мамыру, зэIузэпэщу, зэхуэгуапэу, я Iуэху ефIакIуэу псэуну зэригуапэр къыхигъэщащ.

Ингушым и Iэтащхьэр къыщыпсалъэм жиIащ Урысейм зэрыгухьар щIыналъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуу зэрыщытыр, абы гузэвэгъуэ куэдым зэрыщихъумар. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, цIыхубэм Iэмал ягъуэтащ политикэ, социально-экономикэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкIэ заужьыну. «Урысейм дыхыхьэри, ди лъэпкъхэм я гъащIэр лIэщIыгъуэкIэрэ зэпыщIа хъуащ. Псоми дащIыгъуу дэ дгъэващ зауэм къытхуихьа бэлыхьхэр, апхуэдэуи ди текIуэныгъэхэм, ехъулIэныгъэхэм я гуфIэгъуэри зэдэтIэтащ. Нобэрей махуэшхуэм иджыри зэ фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ Урысейм дыхыхьэн хуейуэ къэзылъытэу а лъэбакъуэ махуэр зычауэ щыта ди нэхъыжьхэм. Дэ сыт щыгъуи дызэщIыгъунущ. Ди блэкIари зыщ дэ. Ди къэкIуэнуми дызэкъуэтынущ!» - къыхигъэщащ Калиматов Мэхьмуд-Алий.

ГуфIэгъуэ зэхыхьэр махуэшхуэ хьэрэкIытIэхэр уафэм ираутIыпщхьэу яухащ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

# COVID-19-м зыщиубгъу лъэхъэнэм медицинэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр зэрызэтеухуа щIыкIэр

**КIуэкIуэ Казбек жэпуэгъуэм и 13-м иригъэкIуэкIащ Коронавирус уз зэрыцIалэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщемыгъэубгъуным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр къызэрызэрагъэпэщымрэ а узыфэм зэрыпэщIэтымрэ теухуа Iуэхухэр зэкIэлъызыгъакIуэ оперативнэ штабым и зэIущIэр.**

ВИДЕОКОНФЕРЕНЦ зэпыщIэныгъэ мардэм тету зэIущIэм щыхэплъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщыIэ санитар-эпидемиологие щытыкIэм, апхуэдэуи COVID-19-м зыщиубгъу лъэхъэнэм медицинэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр зэрызэтеухуа щIыкIэм.

КъБР-м щыIэ Санитар дохутыр нэхъыщхьэ Пагуэ Жыраслъэн зэрыжиIамкIэ, щIыналъэм узыфэр унагъуэ 967-м ис цIыху 1377-м щапкърытщ. ЛэжьакIуэ гуп закъуэтIакъуэми ар зэуэлIахэр щыIэщ. ЦIыхухэм щIэныгъэ щрагъэгъуэт IэнатIэм хыхьэ IуэхущIапIэ 11-м сымаджэ 35-рэ щыIэу къахутащ. КъимыдэкIэ, IуэхущIапIэ 28-м цIыху зырыз сымаджэ щыхъуащ, сабий садхэм - 7, школхэм - 19, курыт IэщIагъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм - 2.

Жэпуэгъуэм и 13-м ирихьэлIэу цIыху 8494-м COVID-19 узыфэр къапкърыхьауэ къахутащ, абыхэм ящыщу 6755-р хъужащ, цIыхуи 109-рэ абы илIыкIащ. Тесту мин 207-м щIигъу, КТ-къэпщытэныгъэу мин 38-рэ ирагъэкIуэкIащ. Госпиталхэм сымаджэ 1301-м щоIэзэ, абыхэм ящыщу 66-р реанимацэм щIэлъщ. COVID-19-р зэрапкърытыр наIуэ къэхъуа сымаджэ 1390-м амбулаторнэу йоIэзэ. Узыфэр зэуэлIахэм я процент 25-м абы и нэщэнэхэр мынаIуащэу япкърытщ, процент 40-м щIигъум ар къехьэлъэкIыркъым.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, коронавирус узыфэр зыпкърытхэр щагъэхъужу республикэм жэщ-махуэ ямыIэу щолажьэ госпиталу 8, абыхэм псори зэхэту гъуэлъыпIэ 1495-рэ щIэтщ, абыхэм ящыщу 778-м цIыхур кислородкIэ зэрагъэбауэ Iэмэпсымэхэр, 152-м ИВЛ-хэр ешэлIащ. Эпидемиологие щытыкIэр нэхъри екIакIуэмэ, узыфэ зэрыцIалэхэм щапэщIэт сымаджэщхэм щIэт гъуэлъыпIэхэм я бжыгъэр 1675-м нагъэсыфынущ, абыхэм ящыщу 878-м кислород ешэлIауэ. Госпиталхэм мы зэманым IэнатIэ щыпэрытщ дохутыр 276-рэ, курыт, нэхъыщIэ медицинэ лэжьакIуэхэм я бжыгъэр 801-рэ мэхъу.

Узыфэм зэрызыщахъумэхэр гъэтIылъыгъэу яIэщ икIи абыхэм къыхагъахъуэ, тхьэмахуитI нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ зрикъунум хамыгъэщIу.

Оперативнэ штабым хэтхэм защыхуигъазэм, КъБР-м и Iэтащхьэм жиIащ коронавирус узыфэм теухуа щытыкIэр щIыналъэм зэрыщыгугъур, ауэ ар я нэIэм зэрыщIэтыр.

Абы къыдэкIуэу, COVID-19-р зэуэлIахэм я бжыгъэми, ар зэфыкIыу сымаджэщхэм щIагъэгъуалъхьэхэм я бжыгъэми хохъуэ.

КъБР-м и Правительствэм пщэрылъ щащIащ, «Роспотребнадзор»-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщIхэри ящIыгъуу щытыкIэр зэпалъыту, республикэм коронавирус узыфэм зыщемыгъэубгъуным сэбэп хуэхъуну Iуэхухэм хэплъэну икIи иджыри зыхуейуэ къалъытэ мардэхэр къыхилъхьэну.

Апхуэдэуи пащэн хуейщ зэхуэсыпIэхэм нэкIуIупхъуэхэр щызыIуагъэлъыным, гъунэгъуу зэбгъэдэмыхьэным мы зэманым мыхьэнэшхуэ зэриIэр цIыхухэм ягурыгъэIуэным, КъБР-м и IуэхущIапIэхэм санитарнэ мардэхэм щытетыным ткIийуэ кIэлъыплъыным хуэгъэзауэ республикэм щекIуэкI лэжьыгъэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

# ЦIыхухэм я псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек жэпуэгъуэм и 12-м хэтащ Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм социальнэ мыхьэнэ зиIэ мэкъумэш продукцэм, ерыскъыпхъэм, мэкъумэшхэкIхэм елэжь промышленностым къыщIигъэкIхэм якIэлъыплъынымкIэ и оперативнэ штабым и зэIущIэм.**

УРЫСЕЙМ мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Патрушев Дмитрий зэIущIэр иригъэкIуэкIащ видеоконференц зэпыщIэныгъэ мардэм тету.

Нэхъыщхьэу зытепсэлъыхьар «Къуажэхэм лъэныкъуэ псомкIи зегъэужьын» къэрал программэм щыубзыхуахэр дызэрыт илъэсым гъэзэщIа зэрыхъурщ.

Патрушев Дмитрий зэIущIэм хэтхэм ягу къигъэкIыжащ «Къуажэхэм лъэныкъуэ псомкIи зегъэужьын» программэм къыщыгъэлъэгъуахэр зрагъэхъулIэным къэрал бюджетым сом мелард 35,9-рэ зэрыщыхуахахэр. А мылъкум щыщ Iыхьэшхуэ щIыналъэхэм иратащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къуажэхэм зегъэужьыным трагъэкIуэдэну къэрал бюджет мылъкум щыщу къыхуаутIыпщащ сом мелуан 228-рэ хуэдиз.

Къэбгъэлъагъуэмэ, инженер инфраструктурэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ кърахьэжьауэ щытащ къуажихым псы кIуапIэ бжьамийхэр, псори зэхэту километр 11-м щIигъу и кIыхьагъыу, щыдалъхьэныр. Яубзыхуа лэжьыгъэхэр къуажищым - Къулъкъужын Ипщэм, Псыншокъуэм, Аруан - щызэфIагъэкIащ. Дэзэлыкъуэдэс, Солдатскэ, Шэджэм Ищхъэрэ жылэхэм бжьамийхэр щыдэлъхьэныр илъэсым и кIэм ирихьэлIэу щаухынущ. Апхуэдэуи газ зэрыкIуэ бжьамийхэр укъуэдииным теухуа лэжьыгъэхэр щокIуэкI Зеикъуэ къуажэм - абы и кIыхьагъыу щытынущ километри 4,3-рэ.

«Къуажэхэм я иджырей теплъэр» унэтIыныгъэм хыхьэу йокIуэкI Майскэ къалэм хыхьэ жылэхэм псы фIей щIэжыпIэхэр щыщIынымрэ псыр уэрамхэм щызэбгрышынымрэ хуэунэтIа лэжьыгъэхэр. Ахэр и пIалъэм - мы илъэсым къриубыдэу - зэфIагъэкIыну я мурадщ.

КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ «Къуажэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьын» къэрал программэр гъэзэщIэным Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр, сыту жыпIэмэ республикэм исхэм я зэхуэдитIыр къуажэхэрщ щыпсэур. ЩIыналъэм и унафэщIхэм я мурадщ къэрал программэм къит Iэмалхэр цIыхухэр псыкIэ къызэгъэпэщыным и Iуэхур егъэфIэкIуэным, къагъэсэбэпа псыр Iушыным, апхуэдэуи республикэм исхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным нэсу къыхуагъэсэбэпыну.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Нобэрэ пщэдейрэ

### Жэпуэгъуэм и 15, *махуэку*

♦**Зи нэхэм ямылъагъухэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Iэхэр тхьэщIыным и дунейпсо махуэщ**. ООН-м и Сабий фондым къыхилъхьэри, а махуэр 2008 гъэм ягъэуvауэ щытащ, къабзагъэм узыншагъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэм цIыхухэм иджыри зэ гу лърагъэтэн мурадкIэ.

♦**Къуажэм щыпсэу цIыхубзхэм я дунейпсо махуэщ**. Дунейм цIыхуу тетым я Iыхьэ плIанэр къуажэдэс цIыхубзщ - аращ абыхэми махуэ хэха яхуэфащэу къыщIалъытар.

♦**1806 гъэм** Урысей империем къыхагъэхьащ Баку хъаныгъуэр.

♦**1967 гъэм** Индыл и Iуфэм иIэ Iуащхьэм - Мамаев курган жыхуаIэм - деж щагъэуващ Сталинград деж щекIуэкIа зауэм лIыхъужьыгъэ къыщызыгъэлъэгъуахэм хуащIа фэеплъыр. Комплексым хыхьэ ухуэныгъэ псоми гектар 26-рэ яубыд. Фэеплъым и нэхъыщхьэ дыдэм - «Хэку-анэр къыдоджэ!» зыфIащам - метр 56-рэ и лъагагъщ. Абы хуокIуэ скъарым къыхэщIыкIа дэкIуеипIэ 200 - Сталинград зауэр зэрекIуэкIа жэщ-махуэ 200-м тещIыхьауэ ящIауэ.

♦**1990 гъэм** СССР-м и Президент Горбачев Михаил Нобель мамырыгъэмкIэ и саугъэтыр къыхуагъэфэщащ.

♦УсакIуэ, осетин литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа, скульптор, сурэтыщI **Хетагуров Коста** къызэралъхурэ илъэси 161-рэ ирокъу.

♦Урыс усакIуэ цIэрыIуэ, тхакIуэ **Лермонтов Михаил** къызэралъхурэ илъэс 206-рэ ирокъу.

♦Совет тхакIуэ, журналист **Ильф Илья** къызэралъхурэ илъэси 123-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ТекIуий Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Абхъазым и цIыхубэ артист, КъБР-м, Абхъаз Республикэм я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Мысостышхуэ Пщызэбий** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, щIэныгъэлI **IутIыж Борис** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦Рок-музыкант, тхакIуэ, «Наутилус Помпилиус» гупыр къызэзыгъэпэща **Бутусов Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ, актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Басков Николай** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

♦Урысей теннисисткэ, Олимп Джэгухэм (2008 гъэ) я чемпионкэ **Дементьевэ Еленэ** и ныбжьыр илъэс 39-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 26-рэ, жэщым градуси 10 - 12 щыхъунущ.

### Жэпуэгъуэм и 16, *мэрем*

♦**Ерыскъым и дунейпсо махуэщ**

♦**ЩIакхъуэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Анестезием и дунейпсо махуэщ**

♦**IуэхущIапIэм и унафэщIым и махуэщ**

♦**Армением и прессэм и махуэщ**

♦**1946 гъэм**, Нюрнберг судым и унафэкIэ, нацист щIэпхъаджащIипщIым я щхьэхэр палъауэ щытащ. Абыхэм яхэтащ Гитлер нэхъ гъунэгъу дыдэу бгъэдэтахэу Риббентроп Иоахим, Кейтель Йохан Густав, Кальтенбруннер Эрнст сымэ.

♦**1962 гъэм** СССР-м лэжьэн щыщIидзащ «Юность» радиостанцым.

♦**1964 гъэм** Китайм япэ атомнэ бомбэр щагъэунэхуауэ щытащ. Ар къыщагъэуащ Лобнор гуэлым пэмыжыжьэу иIэ полигоным.

♦**1991 гъэм** Налшык щызэхэтащ КъБР-м ис лъэпкъхэм я нэхъыжьыфIхэм я съезд.

♦Ирландием щыщ усакIуэ, драматург, тхакIуэ **Уайльд Оскар** къызэралъхурэ илъэси 166-рэ ирокъу.

♦Каир щыщ адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ, «хьэрып усакIуэхэм я пащтыхьу» къалъытэ **Шэукъий Ахьмэд** къызэралъхурэ илъэси 150-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **Къардэн Бубэ** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, литературовед, критик, публицист **ТIымыжь Хьэмыщэ** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **ШэджыхьэщIэ Юрий** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Оперэ уэрэджыIакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Хворостовский Дмитрий** къызэралъхурэ илъэс 58-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 25-рэ, жэщым градуси 9 - 11 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Насыпыр пщэдджыжьым ягуэш.**

# Уахътыншэ

**ТхакIуэ, усакIуэ, драматург, щIэныгъэлI цIэрыIуэ IутIыж Борис псэужамэ, нобэ къыщалъхуа махуэр игъэлъапIэнут. И ныбжьэгъу бжыгъэншэхэмрэ фIыуэ къэзылъагъу и лъэпкъэгъухэмрэ, дауи, и закъуэ ирагъэгъэлъэпIэнтэкъым абы и илъэс 80-р, зэрылъэпкъыу дэтIэтынти, дызэриIэм дригушхуэнт, езыми и гуапэ мыхъуу къэнэнтэкъым ар…**



АДЫГЭ мэкъумэшыщIэм и IутIыж лъэхъэнэу къалъытэ жэпуэгъуэ мазэм Борис къыдитри, тIихыжащ. Ауэ, IутIыжым и ныбжьэгъухэм зэрыжаIэмкIэ, ари ящыщащ къыщалъхуа махуэр «зыфIэкIуэдахэм». Арати, и паспортым махуэ гуэр иратхэн хуей щыхъум, езыр хэдэри... Хэдэри жэпуэгъуэм и кур къыхихащ (Тхьэм ищIэнщ абы щIытриухуар), ауэ хэт игугъэнт къыщалъхуа мазэм и гъусэу, щылIэжыну мазэми ар зэрытеIэбар (махуэ 13-т я зэхуакур).

Апхуэдэ гурыгъуазэ лъэщ зиIэ адыгэлIым, гъащIэм сытым зыщримыпщытми, сыт хуэдэ IэщIагъэ къимыгъэIурыщIэми, и фIыпIэм, лъагапIэм теIэбэрт.

*Зэгуэрым нэху щыщынущ мы дуней*
*Ди Iуэхуи-дэлъи зыхэмылъыжынум,*
*Дэрыншэу зэIуихынущ и пщэдей*
*Зи нэхуи-хупси къытлъымысыжынур.*

Илъэс 12 ипэ, жэпуэгъуэм и 28-р, апхуэдэ пщэдджыжьт. Пщэдджыжь щIыIэт, даущыншэт... Абы лъандэрэ махуэщIэ куэд зэIуихащ, ауэ Борис зэрытхэмытыжыр кIуэ пэтми нэхъ кууэ зыхещIэ адыгэ лъэпкъым. Фи нэгу къыщIэвгъэхьэрэ, ар иджыри къэс тхуэпсэуамэ, тхуищIэнумрэ тхуилэжьынумрэ зихуэдизыр?! КуэдкIэ, куэд дыдэкIэ къигъэбатэнут абы адыгэ дунейр.

IутIыжым и IэдакъэщIэкIхэм я хуабэ зыхэзымыщIа, дэп хъуаскIэ нэхъ мыхъуми зылъэмыIэса зы адыги щыIэу си фIэщ хъуркъым (щыIэми - адыгэныкъуэщ). Ар апхуэдизкIэ лъэпкъым теубгъуат, апхуэдизкIэ абы хуэхъуапсэрти, зэуэ IэщIагъэ куэдым зрипщытат. ГъэщIэгъуэныр абы и гур пхъэру зэрыпсэуар аракъым, атIэ а псоми хурикъун лъагъуныгъэрэ Iэзагъэрэ зэрыбгъэдэлъарщ.

Борис и тхыгъэ къэс и гум и хуабагъэкIэ зэрыгъэнщIар зыхыумыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Дапщэрэ къытезгъэзэжу седжэжми, гупсысэ къуэпсыбэ гум щрагъэдз зэпытщ абы и IэдакъэщIэкIхэм. Апхуэдэ дакъикъэхэм деж я анэдэлъхубзэр яIурымылъу къэтэдж ди щIэблэр сфIэгуэныхь мэхъу. Абыхэм, дауи, тхъэгъуэу къащыхъу дуней телъыджэ яIэнущ, ауэ IутIыжым и адыгэбзэм къуит къарумрэ гушхуэныгъэмрэ абыхэм я лъыр зэи къызэщIигъэплъэнукъым. Пхъэ гъурымрэ цIынэмрэ я мафIэр зэрызэхуэмыдэм ещхьщ ар...

Абы адыгэбзэр «зэригъэпсэлъам», хьэрф 59-м къыхищIыкIа дуней телъыджэм сытепсэлъыхьыну си псалъэ хурикъун дэнэ къэна, си зэхэщIыкIи гупсыси пэлъэщыркъым. Мэлэчыпхъу и чысэ щIэншэр цIыхугум къыхэщIыкIамэ, Борис и творческэ чысэр гъуни нэзи имыIэу и лъэпкъым хузэIуха и псэм къыпыкIащ. А чысэр лъэпкъым къыпэщылъ гъащIэм и гъуэмылэщ.

Дунейр зи щIалэгъуэм ейуэ жаIэ. ПцIыщ! Дунейр зейр, IутIыж Борис хуэдэу, зэхэщIыкI лъагэ зиIэхэрщ. Абы и къэухьым къигъэщIа дунейм пэлъэщакъым езы лIэныгъэ дыдэри.

*Уахътыншэ фIэпщыну гъащIэм хэлъыр*
*ЛIам, дыщIамылъхьэу, кIэлъыпсэу гухэлъхэрщ!..*

Борис и уахътыншагъэм и щыхьэтщ абы и ныбжьэгъухэмрэ къэзыцIыхуу щытахэмрэ хужаIауэ нобэрей къыдэкIыгъуэм теддзэ гухэлъхэр.

**ЩОМАХУЭ Залинэ**.

# «ЦІыхум и цІэ лъапІэр къызэрилэжьар
## Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ



**● Ныбжьэгъум и псалъэ**

## Адыгэ Леонардэ да Винчи, Шекспир, Аристофан

**Хэт сымэ мыбы зи гугъу ящІынур - жызыІэн къыфхэкІынщ мы тхыгъэм и псалъащхьэм къеджэхэм. Зи цІэ къисІуэнур зы закъуэщ - ІутІыж Борис Къуней и къуэрщ.**

ЯПЭРАУЭ, сэ ар зыкъомкІэ хузогъадэ адыгэ къуэж зиІэу къалъытэ, Возрождение лъагэкІэ зэджэм и лъабжьэр пкъыгъуэ зытхухкІэ зыгъэтІылъа Леонардэ да Винчи. КъыщІэзгъэлъауэ къащымыхъун щхьэкІэ, езым щІэщыгъуэ зэфэзэщу къикІуа гъуэгуанэм дриплъэнщ. Борис драматургщ, усакІуэщ, тхакІуэщ, щІэныгъэлІщ, публицистщ, журналистщ, редакторщ, режиссёрщ, сценаристщ, критикщ, сурэтыщІщ, скульпторщ (пхъэм къыхеІущІыкІ, къэнжалым къыхещІыкІ), жылагъуэ лэжьакІуэщ.

Апхуэдиз ІэщІагъэ зэубыдылІауэ зи насып къихьа дуней псом тетари, тетри зырызщ, къытехьэнури нэхъыбэну къыщІэкІынкъым.

*ЕтІуанэу.* Борис псом хуэмыдэу Іуащхьэмахуэ ельэгэкІыу пІэрэ жозыгъэІэ зэчий наІуэ здыщиІар драматургиеращ. Ар сэ къызэрысщыхъур 2002 гъэм сІихауэ щыта «интервью-диалог» зыфІища жанрыщІэм щыжысІати, езым хигъэкІыжащ, и щэныфІагъэр къызыхэщ мыпхуэдэ псалъэхэр хитхэжри:

«Мыбдежым сэ стеухуауэ гум едэхащІэ псалъэ дахэ зыкъом итати, Сэфарбий къытхурегъэгъу, - къиздыгъукІащ, япэрауэ - си архивым хэслъхьэн мурадкІэ, етІуанэрауэ - симыІэ жагъуэгъу къысхуамыулъэпхъэщын щхьэкІэ. - **Іу.Б.**».

Гум едэхащІэ псалъэу щытми, лей жысІатэкъым, ауэ Борис и нэмысыфІагъэкІэ хигъэкІыжат. Зыхуэзгъадэр фІыуэ сощІэж - Шекспирт.

*Ещанэу.* Комедие жанрри сценическэ гъуазджэм къурш сыджу Борис хигъэувэну хузэфІэкІащ. Ар ехъулІэныгъэ ин дыдэщ. АбыкІэ щыхьэтщ «ГушыІэр Тхьэм и щІасэщ» адыгэ псалъэжьыр. ЩІасэу къыщІилъытам и щхьэусыгъуэр зыщ - гушыІэным акъыл, зэхэщІыкІ куу, Іэзагъ хэплъыхьа хуейщ. Армырамэ, «улахуэр» хьэзырщ - зэрыжаІэщи, ІэштІымщ.

Зэрылъэпкъыу къапщтэмэ, адыгэр гушыІэнрэ ауан щІынкІэ лъэрызехьэщ, ауэ Борис абыкІи къищта лъагапІэхэм нэсын дэнэ къэна, пэгъунэгъу хъуфын нобэкІи къытхэкІакъым. Аращ ар адыгэ гушыІэ-ауаным и адэ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, Аристофан зыщІыр. Си гугъэщ ди театрым и артистхэр мы зэгъэпщэныгъэм арэзы техъуэу.

ГъащІэ зиІэ дэтхэнэми уахътыи къыпэщылъщ. Ажалым цІыхур ебгъэрыкІуэ зэпытщ, ауэ абы зэрытекІуэн къару иджыкІэ зыми иІэкъым. Арати, Бориси 2008 гъэм, жэпуэгъуэм и 28-м дунейм ехыжащ. А махуэр къызэрысщыхъуам хуэбгъадэ хъун къэхъугъэ гуэр си тхыгъэ кІэщІым щІызгъужыну сфІэигъуэщ.

Инджылыз лІыхъужь цІэрыІуэ, лъэпкъыр зэрыгушхуэ адмирал Нельсон 1805 жэпуэгъуэм и 21-м Трафальгар зауэм Наполеон и флотыр щызэхикъутэри, тенджызым щытепщэныр Инджылызым къыхуихьащ, ауэ езыр хэкІуэдащ. Гуузрэ гуфІэгъуэу зэхэухуэна хъыбарыр зэрызэхихыу Лондон и газет нэхъыщхьэ «Таймс» абы пэджэжащ гукъинэж псалъэ хьэлэмэткІэ: «Дэ иджыри тщІэркъым дыгъынрэ дыгуфІэнрэ».

Адыгэ щэнхабзэм хуэфащэу, абы къыпищэну хущІэкъуу дунейм тет дэтхэнэ зыми мыхьэнэ кууkІэ гъэнщІа, нэпс къезыгъакІуэ псалъэхэр дунейм щикъухьа адыгэхэр зэрыпагэ, лъэпкъым и щІасэу псэуа ІутІыж Борис хужиІащ абы игъуэ нэмысу гъащІэр щиуха махуэм. Дауи, нэщхъеягъуэм диІыгъми, дигу щІэдмыухыжынур нэхъыбэт, дыгъын щІыхуейм нэхърэ: Борис сыт и лъэныкъуэкІи Адыгэ хэку мащІэу илъэс минхэр лІыхъужьыгъэрэ зэфІэкІ хэлэтыкІакІэ къызэпызычар игъэлъагэу, игъэдахэу диІати, диІэти, диІэнути!

**БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий,**
*тхыдэтх, философ, тхакІуэ.*

## Псынэм и ІэфІагъыр зы ІубыгъуэкІэ къыбощІэ

**ІутІыж Борис Къуней и къуэр Шэрэдж щІыналъэм хыхьэ Зэрэгъыж къуажэм къыщалъхуащ 1940 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м. А жылэм дэт курыт еджапІэр къиуха нэужь, абы дзэм илъэсищкІэ къулыкъу щищІащ. 1963 - 1968 гъэхэм Борис щІэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и адыгэ-урыс къудамэм. ЕхъулІэныгъэ иІэу КъБКъУ-р къэзыуха щІалэр ирагъэблагъэ щІэныгъэкъэхутакІуэ институтым.**

ПЩІЭ зыхуащІ ІэщІагъэлІу Борис абы илъэс 22-кІэ щылэжьащ. А зэманым къриубыдэуи ІутІыжым къиухыжащ Тбилиси Бзэ щІэныгъэхэмкІэ дэт институтым и аспирантурэр. А институт дыдэм Борис утыку къыщрихьащ адыгэбзэм и Іыхьэ нэхъ гугъухэм ящыщ зым теухуа диссертацэр икІи зэдэарэзыуэ адыгэлІым къыфІащащ филологие щІэныгъэхэм я кандидат цІэр. Къыхиха бзэ щІэныгъэм ехьэлІауэ абы къыдигъэкІащ монографие, сборник щхьэхуэхэр, журналхэм тхыгъэ куэд къытрыригъэдзащ, адыгэбзэм и псалъалъэхэр зэхэлъхьэным, къыдэгъэкІыным и гуащІэрэ и щІэныгъэрэ ирихьэлІащ. Борис яхэтащ 1999 гъэм Москва къыщыдэкІа «Адыгэбзэм и псалъэгъэнахуэ» тхылъышхуэр зэхэзылъхьахэм. 2001 гъэм дунейм къытехьащ еджакІуэхэм папщІэ зэхалъхьа «Адыгэбзэ фразеологизмэхэм я псалъалъэр». А тхылъ щхьэпэр зи Іэдакъэ къыщІэкІа щІэныгъэлІищым язщ ІутІыж Борис.

ЕгъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэу Налшык дэт институтым 1990 гъэм ирагъэблагъэри, лъэпкъыбзэхэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмкІэ абы къыщызэІуаха кафедрэм и унафэщІу илъэскІэ лэжьащ ІутІыжыр. Зыпэрыува Іуэхум хъарзынэу хэзэгъа, дихьэха пэтми, аргуэру лэжьапІэхъуэж ищІыныр къыхудэкІат: 1991 гъэм адыгэ тхакІуэхэм я зэхуэсым ар зэдэарэзыуэ щыхахат «Іуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу. 2008 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м нэсыху Борис пэрытащ а ІэнатІэ мытыншым.

ІутІыжым «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ тхакІуэ» цІэ лъапІэхэр къыхуагъэфэщащ. Ар хэтащ Урысей Федерацэм и ТхакІуэхэми Журналистхэми я зэгухьэныгъэхэм.

Литературэм ехьэлІауэ жыпІэмэ, ІутІыж Борис и ІуэхущІафэхэр мыпхуэдэурэ зэщхьэщыпх хъунущ: усэ купщІафІэхэр, новеллэ гъэщІэгъуэнхэр, «ГущІагъщІэлъхэр» зыфІища гупсысэ кІэщІ хьэлэмэтхэр, гушыІэ, ауан зыхэлъ тхыгъэ шэрыуэхэр, пародиехэр, эпиграммэхэр, памфлетхэр, анэдэлъхубзэм, литературэм, театрым ятеухуа публицистикэ тхыгъэхэр, сабийхэм яхуитха усэхэр.

ИтІани, ІутІыж Борис нэхъ къызэрацІыхуу щытар драматургыущ, цІэрыІуэ зыщІари и пьесэ купщІафІэхэрщ. Сценарийхэм нэмыщІ, едзыгъуэхэурэ зэхэт пьесэу 30-м нэс итхащ ІутІыжым. ЗыхуэкІуэ жанр елъытакІэ, ахэр гупищу бгуэш хъунущ:

- **трагедиехэр**: «Тыргъэтауэ», «Дамэлей», «Эдип», «Мазэгъуэ», «Лъыгъажэ жэщ», «Гъуэбжэгъуэщ», нэгъуэщІхэри;
- **драмэхэр**: «Кушыкупщ», «Кхъужьеибэ», «Нартхэ я дыгъэ», «ГукъэкІыжхэм я гъатхэ»;
- **комедиехэр**: «Шэмхьун и фызышэ», «Гуащэмыдэхьэблэ», «Хьэцацэ дахэ», «Хьэпэщыпхэ», «ГушыІэ махуэ апщий!», «Дунейр театрщ», «Зиусхьэн Хьэжыбац!», нэгъуэщІхэри.

Іутыжым лъэпкъ драматургием хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэмрэ ирита зыужьыныгъэмрэ я щапхъэ наІуэщ илъэс 30-м щІигъуауэ абы и пьесэхэм Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и репертуарыр зэрагъэбжьыфІэр. Борис и пьесэхэм къытращІыкІа спектаклхэр щагъэлъэгъуащ Адыгейми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Абхъазми, Дагъыстэнми, Осетиеми, Къалмыкъми, Москваи. Ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу хамэ къэралхэми пщІэ щагъуэтащ абы и пьесэхэм. Псалъэм папщІэ, «Тыргъэтауэ» трагедиер хьэрыпыбзэкІэ зэрадзэкІри, 1990 гъэм тхылъ щхьэхуэу Щам (Дамаск) къыщыдагъэкІащ. 1996 гъэм «Дамэлей» пьесэм къытращІыкІа спектакль хьэлэмэтыр ехъулІэныгъэ иІэу щагъэлъэгъуащ Тырку къэралыгъуэм щыщу Истамбыл, Къайсэр, Османие, Мерсин, Гёксун къалэхэм. «Тыргъэтауэр» франджыбзэкІэ зэрадзэкІащ, Париж къыщыдэкІа «Кавказым ис лъэпкъхэм я театральнэ критикхэмрэ драматургиемрэ я антологием» хагъэхьащ. Апхуэдэуи зэрадзэкІащ иджырей гъащІэм теухуауэ ІутІыжым иужьрейуэ итхауэ щыта «Олигарх гуащэ» пьесэ хьэлэмэтри. Езым и ІэдакъэщІэкІхэм нэмыщІ, пьесэ зыбгъупщІ ди лъэпкъ театрым хузэридзэкІауэ щытащ абы.

Псынэм и ІэфІагъыр зы ІубыгъуэкІэ къыпхуэщІэнущ. ТхакІуэм и зэфІэкІыр здынэсри къэпщІэфынущ и тхыгъэ нэхъ пажэхэм языхэзымкІэ.

**АБАЗЭ Албэч,**
*КъБКъУ-м и доцент, критик.*

**● Артистхэм я псалъэ**

## Зыми емыщхь

**Нобэ сиІэ ехъулІэныгъэр зи фІыгъэр си творческэ гъуэгуанэм и пэщІэдзэм си насып къихьу зэрихьэлІа Іуэхугъуиещырщ: си щІалэгъуэу театрым сыкъызэрыкІуарщ, ІутІыж Борис и «Тыргъэтауэ» пьесэр щитха пІалъэрщ, Адисэ и ролыр къызэрызатарщ.**

МИС АХЭР мыхъуатэмэ, сэ апхуэдэ щІэдзапІэ дахэ сиІэнтэкъым, езым си увыпІэ хэхаи театрым щызгъуэтынтэкъым.

Къэбэрдей театрым сызэрыщылэжьа пІалъэм, шэч лъэпкъ хэмылъу, спектакль гъэщІэгъуэн куэд щагъэуващ, ауэ «Тыргъэтауэм» хуэдэу плъыфэбэ, гукъинэж, театреплъми артистхэми гулъытэ ин зыхуащІа димыІауэ схужыІэнущ. Ар адыгэ лъэпкъым дежкІи мыхьэнэ ин зиІэ спектаклт. НобэкІэ цІыхур нэхъыбэу къыздэкІуэр гушыІэ спектаклхэрамэ, абы щыгъуэ цІыхухэм къытрагъэзэжурэ «Тыргъэтауэм» еплъырт, еплъ пэтми, загъэнщІыртэкъым. Сытым хуэдэу тфІэфІу дыщыджэгурэт дэ абы! Псом хуэмыдэу ІутІыжым и адыгэбзэрат дыдэзыхьэхыр.

ЩІымахуэт, дэ «Тыргъэтауэм» делэжьырт, спектаклыр утыку итхьэным къэнэжар мащІэ дыдэу, КъБКъУ-м студентхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ къыщытІущІат. Дэ Щукиным и цІэр зезыхьэ училищэм дыкъикІыжагъащІэти, хуабжьу дафІэгъэщІэгъуэнт, абы ищІыІужкІэ, зэпыу имыІэу ди спектаклхэм накІуэурэ фІыуэ дыкъэзылъэгъуа куэд яхэтт.

Арати, сытегушхуэри, абдеж Адисэ и монологым щыщ Іыхьэ сыкъыщеджащ. Абы щыгъуэ псалъэ дахэу къысхужаІамрэ я нэм ІэфІагъыу щІэслъэгъуамрэ нобэми ІупщІу сощІэж. ЕгъэджакІуэ гуэр къызбгъэдыхьэри: «Уэлэхьи, хъыджэбз, лІар къэбгъэтэджыжынмэ уэ!», - къыжиІат. Шэч хэмылъу, апхуэдэ дакъикъэхэм къару ин къыпхалъхьэ. Псом хуэмыдэу артист ныбжьыщІэм дежкІэ ахэр псалъэшхуэт. Ауэ а псалъэхэр зи фІыщІэр сэратэкъым, атІэ тхыгъэр зи къалэмыпэм къыпыкІа тхакІуэрт.

Псори зэхэту ролыр дакъикъэ 15 хъууэ арат. Ауэ ар апхуэдизкІэ гукъинэжт, дахэти, абы и ужькІэ къалъхуа хъыджэбз цІыкІу куэдым Адисэ фІащауэ щытащ.

Адисэ и монологым нобэр къыздэсым цІыхухэр къыщІолъэІу. ЗэращІынумкІэ сеупщІмэ, гукІэ зрагъащІэу фІыуэ ялъагъухэм, е гуп хыхьэмэ жраІэну яхуейуэ зыкъаумысыж.

Нобэми сигу имыхуауэ сощІэж ар. Япэ дыдэу Тыркум сыщыкІуам, гупышхуэ гуэр дыхэсу а монологым сыкъеджати, зэрагъэщІэгъуар пхужыІэнкъым. «Мыпхуэдэ адыгэ театрым щагъэлъагъуэр пэж?!» - жаІэрт яфІэтелъыджэу. Апхуэдэ дыдэщ Борис и усэхэр. Ди щІыналъэм къеблагъэ хьэщІэхэм адыгэбзэм и дахагъэр, къабзагъэр, абы и ІукІэр зэхедгъэхыну Іэмал диІэмэ, сыт щыгъуи яжетІэр ІутІыжым и усэхэрщ.

Телъыджэ дыдэр Борис адыгэбзэ шэрыуэ зэрыІурылъаракъым, атІэ абы и псалъэхэм артистым зэрызищІынур, зэрытыну образыр къызэрыбжаІэрт. Уеблэмэ, режиссёрми зыри къызжиІэн хуэмейуэ псори зыхэсщІэрт, си гум кърилъхьэрт. Театрым сызэрыщылажьэрэ зэи ролыншэ сыхъуакъым, ауэ апхуэдэ ехъулІэныгъэ зиІа спектакль ди театрым щагъэуваууэ сщІэжыркъым, сэри сыхэтакъым.

А псор зи ІэдакъэщІэкІ ІутІыж Борис хуэдэу цІыху къызэрыгуэкІ уигъэлъыхъуэнт. Ар зэи къыдэшхыдакъым икІи къытщытхъущакъым, ауэ згъэзащІэ ролхэмкІэ зэрыарэзыр сщІэрт. Абы щыхьэт техъуащ сэ къысхуэгъэзауэ абы итхауэ щыта статья иныр.

Къызэрытхыхьам хуэдэу, дахэу, зэрымыщІэу, тхэкІыжащ. Сэ сызэреплъымкІэ, Борис и ужькІэ ди адыгэ тхакІуэхэм пьесэ ятхын мэшынэ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, абы къищта лъагапІэм улъэІэсыну тыншкъым.

**ХЬЭМЫКУ Жаннэ,**
*КъБР-м и цІыхубэ артисткэ.*

## Шортэным къызэрилъытэмкІэ

**ІутІыж Борис адыгэ лъэпкъыр дызэрыгушхуэ тхакІуэщ, усакІуэщ, драматургщ. А псом къищынэмыщІауэ, ар къызэрымыкІуэу хуэІэижьт пкІыгъэм, пхъэр художественнэу ибзэным. ЖыпІэнуракъэ, зэІусэм псэ хилъхьэрт.**

«СИ ДАХЭНАГЪУЭ» циклым еджа дэтхэнэми ещІэ абы дахагъэу хэлъыр зыхуэдизыр. Апхуэдэу псэкІи, дуней тетыкІэкІи дахэт икІи гуапэт езы Бориси. ЦІыху пэжт, имыІуэху зэримыхуэу, гъащІэм къыщылъыс къалэн Іыхьэр нэгъэсауэ зэфІихырт.

Ауэ Борис и зэфІэкІ псоми текІуэжащ абы пьесэ тхынымкІэ иІа Іэзагъэр. ЖыпІэ хъунущ ІутІыжым и тхакІуэпсэр нэсу къыщызэІуихар, хуиту зыщиукъуэдияр драматургиерауэ. «Эдип» пьесэм тетхыхьу, журнал гуэрым: «Эдип - симфония кабардинской речи» псалъэ дахэхэр итхауэ щытащ. ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым Борис и цІэр, и тхыгъэхэр щопэкІу. Абы и Іэдакъэ къыщІэкІа «Кхъужьеибэ», «Хьэпэщыпхэ» пьесэхэм дапщэщи цІыхухэр яфІэфІу къокІуэ. КъыхэгъэщыпхъэщІутІыжым и тхыгъэхэм ящыщ ди Музыкэ театрми, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым я театрхэми зэрыщагъэувар. А псом къищынэмыщІауэ, Борис тхыгъэ куэд адыгэбзэм дахэу кърагъэзагъэрт.

Къэбэрдей драматургием и лъабжьэр зыгъэтІылъауэ къалъытэ Шортэн Аскэрбий «Тыргъэтауэ» спектаклым еплъа иужькІэ, ІутІыжым зыхуигъазэри: «Сынохъуэхъу, къуэш, сэ нобэ схужыІэнущ адыгэ лъэпкъым Шекспир къыхэкІауэ», - псалъэ гуапэхэр жриІат.

ФІагъ куэд зыхэлъа цІыхущ Борис. Дызэгъунэгъуу дыпсэурти, унагъуэкІи дызэкІэлъыкІуэрт. АбыкІи щапхъэ зытепх хъун унагъуэ дахэ зэригъэпэщат, цІыху фІыуэ ялъагъурт, езыхэри къалъагъужырт.

ІутІыжым и «Тыргъэтауэ» спектаклым Адисэ и ролыр щызыгъэзэщІахэм язщ си унэгуащэу щыта Щэрмэт Люди. Абы и цІэкІэ Людэ сэрэ ди пхъум Адисэ цІэр фІэтщащ.

ІутІыж Борис хуэдэ зыхэщІа лъэпкъым хэщІыныгъэшхуэ игъуэтащ, ауэ абы къигъэна Іэужь дахэр зыхъумэн, абы и адыгэпсэр зэхэзыщІыкІын, итхахэм еджэн щІэблэ диІэну Тхьэм жиІэ.

**КІЭМЫРГУЕЙ Валентин,**
*КъБР-м щІыхь зиІэ и артист.*

## ФІыщІэ мыухыж

**Ди театрым къыщызджэгуа ролхэм ящыщу (ахэр 120-рэ мэхъу) нэхъыфІ дыдэу къэслъытэр Тыргъэтауэщ.**

СЭ БОРИС Іэмал къызитащ артистым хэлъын хуей зэфІэкІ псори мы ролымкІэ къэзгъэлъэгъуэну: цІыхубзым хэлъын хуей щабагъри, щхьэгъусэм, адэм, хэкум яхуэгъэза лъагъуныгъэри, бийм къыхуэзэІуих пхъашагъри, лъагъумыхъуныгъэри, къарурэ лІыгъэу къылъыкъуэкІри.

ПсэуххукІи си гум гуапэу хуилъащ, дунейм сытетыхукІи фІыщІэ хуэсщІынущ си насып къихьу а образыр къызэрызгъэщІыфам щхьэкІэ.

**ЖЬАКІЭМЫХЪУ КІунэ,**
*Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артисткэ.*

## Апхуэдэхэр илъэсищэм зэщ лъэпкъым къызэрыхэкІыр

**Илъэс 17-м щІигъукІэ зи унафэм дыщІэта ІутІыж Борис редактор нэхъыщхьэу къытхуэкІуэным ипэжкІэ, ар «Іуащхьэмахуэм» къуэпскІи псэкІи къытпыщІауэ дызэдэлажьэрт. И тхыгъэ купщІафІэхэр щІэх-щІэхыурэ къытеддзэрт.**

БОРИС лэжьакІуэшхуэт. Гууз-лыуз иІэу бгъэдэтт и ІэнатІэм. Гумызагъэт. Зи псэм щымысхьыж цІыхут. Зэман нэхъыбэІуэ иІэ хъуарэ: «Сэ дачэмкІэ сокІуэ», - жиІамэ, абы къикІыр гурыІуэгъуэт: жэзым, пхъэм, нэгъуэщІ зыгуэрхэм сурэт къащыхищІыкІ и лъэщапІэр здэщыІэр хадэрати, и нэм нэху имылъагъуж хъуххукІэ абы щылажьэрт.

Борис сытми сытри къыхищІыкІыфырт. АпхуэдизкІэ ІэпщІэлъапщІэти, ар зыхэмызагъэ щыІэу къыщІэкІынтэкъым. Псэ хилъхьэфыртэкъым, армыхъумэ, зэІусэр зыхуей сэфэтым иригъэувэфырт.

ІутІыж Борис хуэдэхэр илъэсищэм зэщ лъэпкъым къызэрыхэкІыр. Аращ апхуэдэ цІыхухэр щыпсэум деж гъэлъэпІэн, яхуэфащэ пщІэ яхуэщІын щІыхуейр.

**ЕЛГЪЭР Кашиф,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ.*

**● Режиссёрым и псалъэ**

## ГукІи псэкІи зыхащІэ

**Псом япэу, псом ящхьэу Борис ейуэ сэ згъэувар «Тыргъэтауэращ».**

А ЗЭМАНЫМ ар зэрысхузэфІэкІамкІэ (Правительствэм и Унэм къикІа лІыщхьитІ еплъри, къэдмыгъэлъэгъуэну унафэ къытхуащІауэ щытат) фІыщІэ хуэфащэщ абы щыгъуэ щэнхабзэмкІэ министру щыта Ефэнды Джылахъстэн. Спектаклыр Москва щыдгъэлъэгъуат, фІы дыдэуи къыщалъытат.

Ауэ сытми къызэрыгуэкІыу тхэртэкъым Борис. ЦІыхухэм гукІи псэкІи зыхащІэ абы и ІэдакъэщІэкІхэр. Пьесэшхуэхэм нэмыщІ, комедие цІыкІухэри гъэщІэгъуэну, дыхьэшхэну къэзыгъэщІу щыта драматургыр щыпсэуми жысІащ сэ, дунейм сытетыхуи жысІэнущ, Борис зыгуэрым ебгъэщхьынумэ - ар Мольерщ.

**ТЕУВЭЖ СулътІан,**
*Урысей Федерацэмрэ КъБР-мрэ гъуазджэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ.*





## Мыпсэужу схужыІэнукъым

**ІутІыж Борис си дежкІэ щапхъэщ. И цІыхугъэкІи, и бзэкІи, и дуней тетыкІэкІи. Ар мыпсэужу схужыІэнукъым, сыту жыпІэмэ, абы къигъэна Іэужьыр псэущ, зы адыгэ дунейм тетыхункІи псэунущ.**

ІУТІЫЖЫМ и ІэдакъэщІэкІ пьесэхэм къытращІыкІа спектакль куэдым сыщыджэгуащ, и усэ купщІафІэхэр гукІэ зэзгъэщІауэ сфІэфІу сыкъеджэ зэпытщ. И тхыгъэхэм зы псалъэ хэткъым я пІэ имыту, гум къимынэу. «Тыргъэтауэм» фІэкІа имытхами, абы и цІэр лъэпкъым щымыгъэгъупщэну ирикъунт.

Щхьэхуэу сытепсэлъыхьыну сыхуейт абы бзылъхугъэм хуищІ пщІэмрэ щІыхьымрэ. ЖыпІэнуракъэ, апхуэдэ къэгъуэтыгъуейт. Алыхьым ахърэт нэху кърит. Сыпсэуху си гум ихунукъым.

Адрей ди тхакІуэхэм я жагъуэ сщІыну сыхуейкъым, ауэ адыгэ театрым тхакІуэшхуэ тфІэкІуэдащ. И адыгэбзэр къабзэт, псалъэу итхым купщІэ ящІэлът. Артистым дежкІэ а псоми мыхьэнэшхуэ яІэщ.

**ЩЭРМЭТ Людмилэ,**
*КъБР-м и цІыхубэ артисткэ.*

## Зи бзэр уэзджынэ

**БлэкІа зэманым иту ІутІыж Борис утепсэлъыхьыну Іэри гури есэркъым, ауэ утемыпсэлъыхьуи плъэкІыркъым.**

ТХАКІУЭР блэкІа зэманымрэ дызэрыт зэманым и нэщэнэхэмкІэ къэкІуэнум ІэкІуэу хуэгъэтІылъа цІыхущ. ГъэщІэгъуэныраши, тхыдэм и гъуджэм щиплъэкІэ, абы ирилъагъуэм ящІигъэлъадэ псэмрэ нобэрей цІыхум и ІуплъэкІэмрэ апхуэдизкІэ зэтехуэртэкъыми, укъигъэуІэбжьырт. Дыгъуасэм гимн хуитхмэ, нобэм Іэпэпшынэ зэрагъэцІум щІэдэІуфи хуэдэт, ауэ Борис а псоми я кІэлъыплъакІуэ къызэрыгуэкІтэкъым. А зыкІэлъыплъым игъагърэ хьэмэрэ щыдыхьэшхрэт? Ар тхакІуэм и Іэзагъэм и щэхухэм ящыщт, дауи.

ІутІыжым блэкІам и ажэгъафэр лІыхъужь лъыхъуэ иригъажьэмэ, нобэм къыщигъафэ ажэгъафэр кІэн джэгу игъэджэгуфырт. Апхуэдэу щІищІым и щхьэусыгъуэм зы тхылъ тептхыхьыфынущ, ауэ аракъым нэхъыщхьэр, атІэ зэман къэс зэрепсалъэ бзэ зэрыІурылъым щэджащэ зэрищІаращ.

Нэхъыщхьэр къэхъукъащІэхэм уащхьэщыплъыфынраши, ІутІыжыр аркъудей мыхъуу, и бзэр уэзджынэрэ и псэр уэздыгъэу цІыхухэм яхуигъэлэжьэфащ. Арагъэнщ тхакІуэр гупсысакІуэ ин зыщІыжари. Хьэл зэщыщхъурэ псэ псыхьарэ зы адыгэ тхакІуэм иІэмэ, ІутІыж Борис апхуэдащ. Къалэм къэзыщта ныбжьыщІэхэм я псэ макъамэр яІуримыгуэжу, гъуэгугъэлъагъуэ нэсу зэрыщытыфам абы пщІэ лей кърагъэлэжьащ.

**ЛЫКЪУЭЖЬ Нелли,**
*тхакІуэ.*

# натIэм кърахахэм яку къыдищIыкIарщ»
## IутIыж Борис къызэралъхурэ нобэ илъэс 80 ирокъу

● Ныбжьэгъум и псалъэ

## Зыхунэмысарщ хуэмыщIэу къэнар

***Борис драматург гъуэзэджэу, усакIуэшхуэу, тхакIуэ Iэзэу, сурэтщIыным хуэIэкIуэлъакIуэу, публицист гумызагъэу, бзэщIэныгъэлIу зэрыщытар куэдым ящIэ. Ауэ а псом ущыгъуазэ къудейкIи нэсу къыбгурыIуэфыну къыщIэкIынутэкъым IутIыжыр зищIыс дыдэр. Си щхьэкIэ ноби жысIэфынукъым ар фIыуэ сщIэуэ, сщIэн хуеяуэ зэ еплъыгъуэкIэ къыпфIэщIынуми. КъыщIыпфIэщIынум и щхьэусыгъуэри зэщыдбзыщIышхуэ щымыIэу, ди гухэлъ зэхуэтIуатэу, ди шыгъупIастэ зэIулъу, ди гуфIэгъуи гузэвэгъуи зэдэдгуэшу илъэс 40-м щIигъукIэ дыкъызэрызэдекIуэкIарщ.***

ДЭ ДЫКЪЫЩЫХЪУАР къуэпс къуэдкIэ зэпыщIа зэгъунэгъу къуажитIти, дызэрымыцIыхуххэу щытауи пхужыIэнутэкъым, ауэ нэхъ зэныбжьэгъу дыщыхъуар университетырт. Си насып кърихьэкIыу студентхэм сакъыщыхэхутам, илъэс 18-м сынэблэгъа къудейуэ арами, колхоз лэжьыгъэм и IэнатIэ зыбжани, ухуакIуэ лэжьыгъэр зыхуэдэри згъэунэхуакIэти, зыгуэри слъэгъуауэ, зыгуэрхэри схузэфIэкIыну къысщыхъужырт. Ауэ апхуэдэу куэдрэ екIуэкIакъым: Борисрэ сэрэ зы фэтэр къатщтэу дыщIэтIысхьа нэужь, куэд дэмыкIыу, сэ къызгурыIуащ, си ныбжьэгъу нэхъыжьым елъытауэ, абгъуэм къилъэтагъащIэ бзу шырым сызэрещхьыр.

Борис и ныбжькIи, и дуней тетыкIэкIи лIыпIэ иува щIалэ Iэчлъэчт - абы илъэсищкIэ армэм къулыкъу щищIат, абы япэжкIи университетым щеджат. Сэ курыт еджапIэр къэзуха къудейт, ари пщыхьэщхьэкIэрэ сыкIуэурэ. ИужькIэ къызэрыщIэкIамкIэ, IутIыжыр ефIэкIырт адрей студентхэми. Пэжу, дэ тIур дызэрызэщхьэщыкI щIагъуэ щымыIэу дызэрызэщхьи щыIэт – ар ди стипендие тIэкIум фIэкIа дызыщыгугъын дызэримыIэрт. Абы къыхэкIыу IэфIыкIэ щащI фабрикэм жэщкIэрэ вагон щыдунэщIын хуей хъурт - Борис щIэх-щIэхыурэ, сэ нэхъ мащIэурэ. Щхьэусыгъуэ хъарзынэу сиIэт а къэдлэжь тIэкIури бэлыхьищэ пылъу фIэкIа къызэрыдамытыжыр. «IэфIу» ди Iуэхум хэлъыр зы закъуэт - фошыгъу зэи дызэрыщымыщIэрт. ЗэрыжаIэу, блэкIри къыблэкIыжри сытым щыгъуи шей едгъэфэфырт. Апхуэдэхэри мащIэтэкъым, дыщыпсэу фэтэрыр студентхэм я зекIуапIэ уэрамым тетти. Студентхэм я закъуэт?! Туфлъэ лъэдакъэ лъагэхэм я тIыркъэ-сыркъэ зэпымыужым къыпфIигъэщIырт ди щхьэгъубжэ лъахъшэ цIыкIумкIэ зэрызэ-тIорытIэ блэкIын хуейуэ къалэм хъыджэбз дахэу дэсым пщэрылъ щащIауэ.

Абдежырауэ къыщIэкIынт Борис и уэрэдыгур япэу къыщыушар. Пщэдджыжь гуэрым дыкъэтэджат, дзапэ уэрэд къришу: «Къэбэрдей уэрамым утехьау, уэ урокIуэр псори къэптхьэкъуау, туфлъэхэр мэпсалъэ: тIыркъ-тIыркъ-тIыркъ, си гури мэлъалъэ: дыргу-дыргу-дыргу...»

Уэрэдыр пэш бэнзэв цIыкIум куэдрэ щIэбэмпIыхьын хуэмейуэ Тхьэм иуха къыщIэкIынти, а зэманым цIэрыIуэ хъууэ хуежьа уэрэджыIакIуэ Уэтэр Толэ, пщыхьэщхьэ гуэрым ди деж къыщIыхьауэ зэхихати, и псалъэхэр къиищтэри кIуэжащ. Тхьэмахуи дэкIатэкъым уэрэдыр радиом къиту цIыхухэм зэпадзыж щыхъуам. Устуденту а зэманым апхуэдэ къохъулIэныр Iуэху цIыкIуфэкIуу пхужыIэнутэкъым.

Борис и пщIэм занщIэу нэхъри зиIэтат. ФIы дыдэу зэреджэм, щIэныгъэ конференцхэм жыджэру зэрыхэтым, блын газетхэр гъэщIэрэщIэн хуей хъуамэ, ар хэмыту зыри зэрызэфIэмыкIым къыдэкIуэу, езы дыдэми гу лъимытэжурэ, IутIыжыр студентхэм я щхьэщыжакIуэ хъуат. Ар гукIи псэкIи елIалIэу ядэIэпыкъурт общежит зылъымысахэми, стипендие ирамыту емыджэфынухэми, уеблэмэ университетым щIадзыжыну Iуэху ящIахэр къыщызэтригъани къэхъурт. Апхуэдэу щытми, абы зэи зыкIи адрейхэм захиIэтыкIыртэкъым. ЗахиIэтыкIын дэнэ къэна, къысхуэвгъэгъу, кхъыIэ, жиIэу и псалъэхэм къыщIигъужыныр и хьэлт, иныкъуэхэм деж тIэкIуи иригъэлейуэ пIэрэ жыуигъэIэу. ГъэщIэгъуэнырати, ар зыкIи зэран хуэхъуртэкъым зэрыпэжщIэкъум. МыхъумыщIагъэу къилъытэ гуэрым пэщIэувамэ, хэт щхьэкIи пхуикIуэтынутэкъым.

А хьэлыр Борис къыдекIуэкIащ псэуху, сэбэп къыщыхуэхъу щыIэми, и зэран къызэрекIар нэхъыбэу.

IутIыж Борис аспирантурэм ягъэкIуэну къыщыхуагъэфэщам, университетыр къызэриухрэ илъэс зыбжанэ блэкIат, лэжьапIи уври, унагъуи хъужат. АдэкIи еджэну щIэхъуэпсми, гугъут абы дежкIэ апхуэдэ лъэбакъуэм утегушхуэну. Фэтэр хьэхум и унагъуэр къыщIинэрэ ежьэмэ, къигъэнахэр зыхуей хуэзэнутэкъым, щымыгугъыххауэ къыхукъуэкIа аспирантурэм елъэпауэми, и гъащIэ псокIэ игу къеуэжынут.

Сытми, зыкъомрэ чэнджэща нэужь, и унагъуэ Iуэхухэри зыгуэрурэ зэхуигъэхъури, ежьащ. Дауи, мылъкукIэ ухуэмыщIауэ, уи унагъуэм щхьэкIи уи гур ныкъуэ зэпыту, ехьэжьауэ псэу Тбилиси укъыдэхутэныр тынштэкъым. Ауэ абыи пэлъэщащ, зи мурад тегъэжххэм зэращымыщым къыхэкIыу. Аспирантурэри къиухщ, щIэныгъэхэм я кандидати хъущ, куржы художникхэм я деж чеканкэм, адыгэхэм пкIыгъэ жыхуэтIэм, зыщыхуигъасэри, и мурадхэри, и зэфIэкIри нэхъ иныж хъуауэ къигъэзэжащ.

БОРИС хъуапсэу куэдрэ тепсэлъыхьыжырт и лъэпкъым къыхэкIа цIыхушхуэхэм, абыхэм я лъэужьым ирикIуэну гугъэ уэзыгъэщIхэм куржыхэм я деж щагъуэт пщIэмрэ гулъытэмрэ. АрщхьэкIэ хъуэпсэным уасэ зэрыщIамытым нэхъри нэхъыбэ абы къызэрыпэмыкIуэнур гурыIуэгъуэт. Къызыхыхьэжар зыхэкIарати, IутIыжыр пэрыувэжащ фэтэр хьэхухэр илъэс къэс жыхуаIэм хуэдэу зэхъуэкIынымрэ унагъуэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ я бэлыхьым. Дауи, ди Iуэхури нэхъ щIагъуэтэкъым.

А псор зэбгъэзэхуэну ухуежьэмэ, иджы уемыгупсысын плъэкIыркъым: ярэби, сыту пIэрэт къэхъунур Бориси, абы хуэдэ адрей ди щIалэхэми ахэр зылъагъупхъэ ди къулыкъущIэхэм гулъытэ гуэр хуащIамэ? Абы шэч къыщIытепхьэжын щымыIэу, лъэпкъым лъэныкъуэ куэдкIэ нэхъ зиужьынт. АрщхьэкIэ, псэкIэ ущытхьэмыщкIэм деж дэгуи нэфи уохъу, гу лъумытэжурэ факъырэлъым уи нэр къыщепхъуэри, лIыгъэшхуэ зепхьэ къыпфIэщIыжурэ, уэр-уэру лей зыбохыж. Лъэпкъ цIыкIу куэдым къадекIуэкI мыгъуагъэщ ар. «Ущыпсэу хэкум бегъымбар ущымылъыхъуэ» жызыIар, дауи, адыгэхэракъым. Ауэ пхужыIэну пIэрэ а гупсысэм дэ нэхъ мащIэу дилъахъэу?!

Гукъеуэхэр нэхъ къысфIыдрихьейуэ сыпсалъэми, жыпIэ хъуну къыщIэкIынкъым Борис и Iуэхур дэгъэзеигъуэ защIэу щытауэ. ИкIэмикIэжым, абы фэтэр зэпэщи кърататат, лэжьапIэкIи и Iуэхур зэтеуват, и пьесэхэри театрхэм ягъэувырт, и тхыгъэхэр щIэх-щIэхыурэ къыдагъэкIырт, и лэжьыгъэхэр щагъэлъагъуэ выставкэхэр къыхузэрагъэпэщырт, уеблэмэ, езым имыщIэххэу, и документхэр ягъэхьэзырри, «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIрагъэщат. Ауэ куэдкIэ Тхьэр зыхуэупсам и псэм хьэлъэу къытрилъхьэжри нэхъ мащIэкъым. Абы щхьэзакъуэ къарукIэ пэмылъэщыжыфхэр нэхъыбэщ. Уегупсысмэ, лъэпкъым къылъысын хуей зэфIэкIым щыщ Iыхьэшхуэ зэхуэхьэсауэ зы цIыхум къыщыхуэкIуэм деж, абы езы лъэпкъми зыщIигъэкъуэн хуейт. Къалэн куэдыIуэ зи пщэ къыдэхуар абы щIипIытIэу езы лъэпкъри а къыхуагъэфэщам хэмыкIыжын щхьэкIэ. Ауэ а псор зэгъэззэхуэным е дынэмысарэ, е дыблэкIыIуауэ къэдмыгъэзэжыфу ара? Сыт ухуейми фIэщи, лъэпкъым къылъысын хуей уи Iыхьэр щыхэбгъэкIуадэм деж, абы узэрыгушхуэн цIэ къыхуэбгупсысыфынутэкъым.

СЭ ФIЫУЭ сыщыгъуазэт Борис и лэжьэкIэм. Ар зы сыхьэти Iуэхуншэу пхущысынутэкъым. Зы Iуэхур игъэтIылъмэ, адрейр занщIэу къиштэрт. ХузэфIэкIынум щыщу имыщIаIауэ къигъанэмэ, абы иужькIэ зэрылъэмыIэсыжынур фIыуэ къыгурыIуэрт. Ауэ уи деж къыщыщымыни щыIэщ. Бэдж абрагъуэм зэрихъа бэджыхъым уихуам ещхьу, Iэпхлъэпх ухъурэ, пщIэнур умыщIэу укъанэу.

Апхуэдэ дакъикъэ гуэру къыщIэкIынт IутIыжыр Тыргъэтауэ и хъыбар гуузым щрихьэлIар. Тхыдэм зи цIэр ихъума а мэуэт цIыхубз телъыджэм теухуа хъыбар кIэщIым Борис хилъэгъуат и гурыгъузхэри, и бампIэри къызэриIуэтэн Iэмал. Жей имыIэж жыхуаIэм хуэдэу зэлэжьа пьесэр иухыу театрым ярита нэужьи, абы и гур загъэу тIысыжакъым. Режиссёрми, художникми, артистхэми ядэлэжьат, пьесэр спектакль хъуху. Псоми дощIэж абы цIыхухэр зэрыIущIауэ щытар. Театрым кIуэ зи хабзи, зи мыхабзи къэнагъэнтэкъым абы емыплъа.

СощIэж Прибалтикэм къикIа си цIыхугъэ журналист гуэр а спектаклым сшауэ зэрыщытар. Абы зэригъэщIэгъуэнури зэрыжиIэнури ищIэртэкъым зыми ямыцIыху драматург гуэрым итхауэ Налшык къалэжь цIыкIум апхуэдэ спектакль зэрыщагъэуувар. «Апхуэдиз Iэзагъэрэ лIыгъэрэ къызыкъуэкIа щIалэр сыбгъэцIыхун?» - щыжиIэм, а пщыхьэщхьэм тIэкIуи дызэбгъэдэсат. Абы къытригъэзэжурэ игъэщIагъуэрт тхыдэ телъыджэ зиIэ адыгэр иджыри къэс зэримыцIыхуар.

АрщхьэкIэ а пьесэм Борис къыхуихьа дэрэжэгъуэр кIыхь хъуатэкъым. «Мыпхуэдизу мы цIыхухэр зытепсэлъыхьым дэри деплъынщ», - жаIэу республикэм и унафэщI гуп театрым щыIа нэужь, спектаклыр къамыгъэлъэгъуэж хъуат. Псалъэмакъ зэхуэмыдэ Iэджэ кърахьэкIырт абы теухуауэ, пьесэр зытхам и гур фIы зыщIын гуэри хэмыту. Ауэ, иужькIэ къызэрыщIэкIамкIэ, унафэ пыухыкIа гуэри щыIатэкъым спектаклыр къамыгъэлъэгъуэну. ФэрыщIагъкIэ гъэнщIауэ дгъэлъапIэ махуэшхуэхэм ящыщ гуэрым ирихьэлIати, «Иджыпсту дыдэ фымыгъэлъэгъуамэ, мынэхъыфIу пIэрэт?!» - жаIа къудейуэ арат. Ари хурикъуат спектаклыр зэман кIыхькIэ бжэ къуагъым къуагъэувэным.

ПХУЖЫIЭНУКЪЫМ IутIыж Борис и пьесэхэр ди театрым щамыгъэуву щытауэ. ТIу-щы зэкIэлъхьэужьу щагъэлъагъуи щыIащ, псом хуэмыдэу гушыIэхэр. Ауэ театрыр абы къыдэлажьэу щытауи жыпIэфынукъым. Абы и зэранкIэ ди театреплъхэр Борис итхыфыну щыта куэдым хэкIыжащ. Уеблэмэ итхыу театрым щIилъхьахэм ящыщ зыкъоми ямыгъэуву къэнащ.

Пщэрылъ инкIэ Тхьэр зыхуэупса цIыхушхуэхэм куэд яхэтауэ къыщIэкIынкъым псэкIэ гугъу емыхьа, зыхуей хуэзэу псэуа. IутIыжри ящыщт абыхэм. Ауэ, сыт хуэдиз лъэпощхьэпом ямылъэхъами, фэрыщIагъ лъэпкъ хэмылъу жыпIэмэ, абы и яужь дыдэ махуэм нэсыху хузэфIэкI псори хьэлэлу илэжьащ. ХуэмыщIэу къэнар зыхунэмысарщ...

Ар къызэрымыхъунур фIыуэ сщIэми, сэ ноби къысфIощI Борис къигъэзэжу, моуэ зыщIыпIэ зыкъомрэ щыIа хуэдэ, гушыIэжу къытхыхьэжыну. Си закъуэуи къыщIэкIынкъым апхуэдэу къызыщыхъур.

**ДЖЭРЫДЖЭ Арсен,**
*«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и адыгэ къудамэм и унафэщI.*


**«Iуащхьэмахуэ» журналым щылажьэхэр.** *2008 гъэ*


**IутIыж Борис и унагъуэр.** *1984 гъэ*

● Пхъухэм я псалъэ

## Хьэкъ лъагэ

**Зи адэ-анэ фIыуэ зымылъагъу цIыху мы дунейм тет хъункъым. Абыхэм дащыщщ дэри. Илъэс бжыгъэ мэхъу ди адэр дунейм зэрехыжри, зы махуэ дэкIакъым дигу къэмыкIыу, депсэлъарэт жыдмыIэу.**

ДЫЩЫЦIЫКIУМ ди адэм и жыпым сытым щыгъуи илът газетым къыхэгъэжа ди лъакъуапIэхэр - щыгъын, вакъэ къэбгъуэтыну гугъути, хьэзыру иIыгъыу арат. Тыкуэнхэр нэщIрэ езым бынитху ихуэпэн, игъэшхэн хуеймэ, къыхуэнэжыр сытыт? Гугъу ехьу ди адэ-анэм дапIам пцIы хэлъкъым.

И псэм емыблэжу, къыттеубгъуауэ къытщхьэщытащ ди адэр, дунейм ехыжыху. Абы дригъэсащ диIэм пщIэ хуэтщIу, дымынэпсейуэ дунейм дытетыну. Бынитхуми IэщIагъэ дигъэгъуэтащ, пхъухэр унагъуэ дригъэхьахэщ, ди дэлъхуми кърригъэшащ. А гугъуехь псом хэтми, ди адэм зэи и лъэпкъыр щыгъупщакъым.

ЦIыху къэс хьэкъ зыбжанэ иIэу дунейм къытохьэ - абыхэм ящыщщ адэ-анэ хьэкъри, дэ догугъэ ди адэм и цIэр ину тIэтыфыну, абы хуэфэщэн щIэблэ дгъэсэфыну.

***IутIыжхэ Дадий, Дисэ, Лацэ, Лалуцэ.***

● Къуэм и псалъэ

## Фэеплъ лъапIэ

«Псом япэ сызэрылъаIуэраци, фымыгужьей». А псалъэхэращ и бынхэм къытхуэгъэзауэ ди адэм итхауэ къытхуигъэна уэсятыр къызэрыщIидзэр. АтIэ сыхуейт фIыщIэ яхуэсщIыну а уэсятыр дгъэзэщIэфынымкIэ къыддэIэпыкъуа, унагъуэм и гузэвэгъуэр къыддэзыгъэпсынщIа ди адэм и ныбжьэгъуфIхэм, нобэр къыздэсым и пщIэр зыгъэлъапIэхэм, зыцIыхуу щытауэ и лIэныгъэр гущIыхьэ зыщыхъуа псоми.

ЩыIэ хъункъым зи бын фIыуэ зымылъагъу, ауэ фIыуэ дыкъилъагъум къыщымынэу, ди адэр къыттегужьеикIауэ псэуащ, апхуэдэуи дунейм ехыжащ. Зыхуей дыхуэзэу, фIым дыхуагъасэу бынунагъуэшхуэр (иджырей зэманымкIэ къапщтэмэ, апхуэдэу жыпIэ хъунущ, зэрыбынитху дохъури) дапIащ ди адэ-анэм. Тхьэм и шыкуркIэ, ди анэр узыншэу къытщхьэщытщ.

Си адэр гум къинэжащ лэжьыгъэшхуэ зэфIэзыхь, емытIысэх, гу мызагъэ-псэ мызагъэ зиIэ, сыткIи щапхъэ схуэхъу цIыхуу. Хуабжьу дгъэлъапIэу, пщIэ хуэтщIу унагъуэм къинащ и IэдакъэщIэкI сурэт, хьэпшып, тхыгъэ, пкIыгъэ, нэгъуэщIкъинэмыщI Iэджэ. Ахэр зыхъумэфын щIэблэ абы и бынхэр дызэрыхъуным яужь дитынщ. Ауэ псом нэхърэ нэхъ фэеплъ лъапIэу ди адэм къытхуигъэнар и щхьэми дэри къытхуилэжьа пщIэращи, ар тхъумэныр ди къалэнышхуэу къызолъытэ.

Зыщымысхьыжу, фэрыщIагъ лъэпкъи абы хэмылъу и гъащIэ псом зыхуэлэжьар адыгэрт, пцIы хэмылъуи, куэди хузэфIэкIащ. Хъуапсэрт лъэпкъыр бэгъуэну, абы зиузэщIыну, адыгэбзэ дахащэр бзэрабзэу дунейм тетыну.

«**Зыхэдвгъалъхьи щымыIа лIыгъэ, ДыкъыщIэвгъэкIхэ зэрамыгугъэу**» - псалъэхэм, и IэдакъэщIэкI Iэджэми къазэрыхэщым ещхьу, си щхьэкIэ купщIэшхуэ, мыхьэнэ ин хызолъагъуэ, икIи ар сэркIэ ди адэм и уэсятхэм ящыщ зыщ.

**IУТIЫЖ Шумахуэ.**

## Уасэ зимыIэ фIыгъуэшхуэ

**Мы тхыгъэр зытеухуа IутIыж Борис адыгэ тхакIуэ псоми къахощ. Абы ди литературэм хэлъхьэныгъэ абрагъуэ хуищIащ. Борис итха псоми (кIуэ, закъуэтIакъуэ блэзгъэкIами сщIэркъым) сыкъеджащи, узыщIишэу, узэщIиубыдэу апхуэдэхэщ.**

IУТIЫЖЫМ и гуащIэр ди лъэпкъ цIыкIум дежкIэ уасэ зимыIэ фIыгъуэшхуэщ. Абы щхьэтечу епсалъэу щытахэм, и тхыгъэхэм ящыщ куэдым япэу еджахэм, и псэлъэгъуу, и гушыIэгъуу щытахэм сэри сащыщщ.

Сэ Борис нэхърэ илъэси 10-м щIигъукIэ сынэхъыжьщ, ар щыстудентым щыгъуэ сэ газетымрэ радиомрэ сыщылэжьащ, пасэу итхахэм седжащ, абыхэм зэрысхузэфIэкIкIэ гъуэгу естащ.

Пэжыр жысIэнщи, IутIыжым и гушыIэ тхыгъэ телъыджэхэр зигу иримыхь гуэрхэри щыIащ, езым и ныбжьэгъухэри хэтыжу. Ауэ абы зы щхьэкIи къигъэзакъым, и щIалэгъуэм къыщыщIэдзауэ и къарум къихьыфынур ищIэжу, тегушхуэныгъэ ин хэлъу щытащ.

«Мы си тхыгъэм сыт ефщIэми сыарэзыщ, сытми зыгуэр къыхэфхи схутевдзэ» жызыIэхэм Борис ящыщтэкъым. Абы итхам езым нэмыс хуищIыжыфырт икIи ухэIэбащэу идэнутэкъым. Пэж жыпIэнумэ, ущIеIэбыжыни щымыIэу тхэфырт ар, щыщIалэ дыдэми къыщыщIэдзауэ.

**КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. 2015 гъэ*

● ТхакIуэхэм, щIэныгъэлIхэм я псалъэ

## Лъэпкъым и IутIыжщ

**Абырэ дэрэ зы фэтэр дыздыщIэсащ - Къэбэрдей уэрамым тет унэ лъахъшэ цIыкIухэм ящыщ зым дыщыпсэуащ. ДызыщIэс пэш цIыкIум куэд къыщызэхуэсырт - къыддеджэхэр, тхакIуэхэр, усакIуэхэр. Литературэм дытепсэлъыхьырт, тхыгъэщIэ зытха къытхэтмэ, дыкъеджэрт. Нобэ сызыхуэзэш гуапагъэ гуэр щызекIуэрт абы щыгъуэм къызэдгъэпэщу щыта утыку цIыкIум, абдеж псэр хуиту «щыбауэрт».**

ПЩЫХЬЭЩХЬЭ гуэрым Къэбэрдей уэрамымкIэ дыкъыдэкIуеижырт. Дызытепсэлъым дыдихьэхауэ дыкъыздэкIуэм, ипщэкIэ уэрэд макъ къыщыIуащ, ар жызыIэ щIалэ гупри куэд мыщIэу къэтлъэгъуащ. ЖаIэр Борис и псалъэхэр зыщIэлъ, Къэбэрдей уэрамым теухуа уэрэдырт. ЩIалэ гупыр, ди деж къэсри, къэувыIащ. «Зэран фыкъытхуэхъуу ди уэрамым щхьэ фытет?» - жаIэри дахэ-дахэу къаймыдаIуэ урысыбзэмкIэ къытфIэнащ гужану къытщыхъуа гупыр. Борис зыри жимыIэу щытт, сыт щыгъуи хуэдэу пыгуфIыкIыу. Iуэхур куу хъуну къыщысфIэщIым, Борис сеIущэщащ: «Мыбыхэм зыгуэр яжесIэ хъуну?» «Мыхэр адыгэщ», - жиIащ тхьэкIумэ жану къыщIэкIа зы щIалэм. «Дыадыгэ къудейкъым, - сыкъызэрыгъуэтыжащ сэ, - иджыпсту жыфIа уэрэдым и псалъэхэр зытхари мы си гъусэрщ - IутIыж Борисщ». ЩIалэхэм зэуэ дыкъаухъуреихьащ. «Уи паспортыр дыгъэлъагъу», - жиIащ зыгуэрым. Борис зэрыстудентымкIэ щыхьэт тхылъым фIэкIа имыIыгъыу къыщIэкIащ, ауэ ари ярикъуащ щIалэхэм жысIэр я фIэщ ирихъуну.

Арати, си Борису плъагъур къащтэри, драдзейуэ щIадзэ. Мо щIалэшхуэр къаIэпыхунурэ зэгурагъэудынущ жызоIэри, согузавэ. Ерагъыу къаIэщIэсхыжащ. ДызыщIэс фэтэрым нэс дашэжащ щIалэхэм, адыгэбзи къыджаIащ, яхуэдгъэгъунуи къыдэлъэIуащ...

IутIыж Борис ди литературэм хищIыхьам дяпэкIи тхылъ Iэджэ зэрытратхыхьынум сэ шэч къытесхьэркъым, ди лъэпкъыр щыIэху, абы и тхыгъэхэр зэрымыкIуэдыжынури фIыуэ сощIэ.

Нобэ адыгэ лъэпкъым и IутIыжщ, ар езым фIыуэ къыгурымыIуэжми. Абы иIэщ IутIыж Борис и тхыгъэ телъыджэхэри, нэгъуэщI куэдым я IэдакъэщIэкI купщIафIэхэри. ДиIэр тхъумэжыфу, абы пщIэ хуэтщIыжыфу нэхъри зедгъэсэнырщ къытхуэнэжыр.

**АЦКЪАН Руслан,**
*КъБР-мрэ КъШР-мрэ я цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат.*

## Гупсысэ куу

**IутIыж Борис япэ дыдэ итха «Тыргъэтауэ» трагедиер къысхуихьри, къызэлъэIуат сыкъыхуеджэну. Абы и сюжетыр хьэлэмэтщ, тхыдэм жыжьэу хэIэбэщ, зыхуейхэр «къыхилъэфри», и тхыгъэм лъабжьэ хуищIауэ.**

КУПЩIЭМ нэмыщI, драматургием къегъэув лIыхъужь къэсыху псэ яIутын хуейуэ, я психологие яIэжыпхъэу. Мис абыхэм сегупсысурэ сыкъеджащ сэ а тхыгъэм. Хуабжьу сигу ирихьат.

Апхуэдэу тхыдэм, нобэрей псэукIэм теухуа пьесэ куэд итхащ Борис. Абы ипэкIи диIащ дэ драматургхэр - Акъсырэ Залымхъан, Шортэн Аскэрбий, Тубай Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщIхэри, ауэ апхуэдиз зи кууагъыу гупсысэ, апхуэдиз купщIэ зиIэ тхыгъэхэр къызэзынэкIа яхэтакъым. IутIыж Борис и цIэр жытIэу, и фэеплъыр тщымыгъупщэу екIуэкIын хуейщ.

**НАЛО Заур,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. 2010 гъэ*

## Зэманым тщигъэгъупщэркъым

**Ди лъэпкъым и куэдкъым «ар лIакъым» зыхужытIэн цIыхухэр. А мащIэм ящыщщ IутIыж Борис. Абы и щыхьэтщ ди ныбжьэгъуфIым и IэдакъэщIэкI сурэт, пкIыгъэ дахэхэмрэ и тхыгъэ купщIафIэхэмрэ. Си гугъэщ зэман гущIэгъуншэм Борис тщимыгъэгъупщэфыну.**

СИ ГУМ схуигъэхужыркъым Борис и «Тыргъэтауэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклыр Истамбыл зэрыщагъэлъэгъуауэ щытар, абы Тыркум щыпсэу адыгэхэм я гур къызэриIэтар, гуимыхуж зэращыхъуар. Апхуэдэуи сщыгъупщэркъым «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм Борисрэ сэрэ дызэрызэдыхэтар. ЖыпIэнурамэ, хэкум сынэкIуэжыху е езы Борис Тыркум къэкIуауэ дызэIущIэху, сфIэгъэщIэгъуэн хъун гуэрхэр дэслъагъу зэпытт, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу хэхъуэрт хуэсщI пщIэм.

**ЧУРЕЙ Алий,**
*ЩIДАА-м и академик, хеттолог. Истамбыл къалэ*

## Къытхуигъэнащ и псынэр

**Борис и псалъэр псэм къыбгъэдэкIырт, псынэпс къабзэу уигъэнщIырт. Къэнащ и тхылъхэр, къызэгуэпхмэ - езыр къопсалъэм хуэдэщ, ауэ щыхъукIэ - къытхуигъэнащ и псынэр. Ауэ езым и макъ дэнэ щызэхэтхыжын? ТхьэкIумэм итщ и гушыIэ дахэр, и фIэхъус сэлам гуапэр. ДигукIэ тхъумэнщ...**

ИПЛЪЭКIЭР нэщхъейт, ауэ езыр гушыIэрейт. Зэ закъуэ жиIа ауаныр яIуэтэжурэ, цIыхум яхэз хъурти, зэи ящыгъупщэртэкъым. Зыгуэрым щIэнакIэмэ, ар цIыхум къилэжьыжауэ арат, армыхъумэ IутIыжым и нэфI-нейтэкъым къызыхэкIыр.

УкIытэ къэзыгъэушыр пщIэшхуэ зиIэращ. УкIытэшхуэ цIыхум щыдэмылъагъуж зэманым хэпсэукIми, Борис куэд къыщыукIытэрт. Абы зэхихыу пцIы зыупсым зищIэжырт зэрыпцIыупсыр. Ар щыгъуазэу хьилагъэ зезыхьэм и гур къеныкъуэкъужырт, «узахуэщ» псалъэр IутIыжым къыпихын папщIэ и IуфэлъафэрI къижыхьми, къехъулIэнутэкъым зыхущIэкъур...

Езым и ныбжь лIыи, ныбжьыщIи, нэхъыжьыIуи – куэдым ящIырт ар чэнджэщэгъу. Борис и щытхъу псалъэ къэзылъыхъуари мащIэкъым. ЩIыщытхъун щыIэмэ, псалъэм хущысхьынутэкъым, ауэ апхуэдэ щхьэусыгъуэ и пащхьэм иралъхьа тхыгъэм кърымытмэ, фэрыщIагъэм зригъэхьыртэкъыми, къыхуэкIуар пщIэншэрыкIуэт. Абы фIэкIа хэмылъу къэзыгъэбии щыIащ, ауэ Борис и бийхэми пщIэ къыхуащIырт...

ПщIэр къилэжьыжащ и дуней тетыкIамкIэ. И напэ емыплъыжу зы лъэбакъуэ ичауи къыщIэкIынкъым. «Хабзэшхуэ хэлъащ», - хужаIэ абы. Хэлъа къудейкъым – адыгэ хабзэрат абы и дунейр, адыгэбзэрат и псэр зыхэлъыр. И хъуреягъым къыщекIуэкIыр нэгъуэщI зыгуэрми, IутIыжым и дунейр апхуэдизкIэ лъэщт, лъагэт, уэрти, мыдрейуэ хъуар ефэгъуэкI къудейтэкъым, атIэ пцIы зэфэзэщ щIэхъукIырт. Пэжыр зи нэгум къищ куэдрэ урихьэлIэрэ? Абы и нэгум къытещыр и псэ зэхэлъыкIэрат – ар нэхут...

Сыту куэдымкIэ щапхъэ тхуэхъуа ар дэ! IутIыжым и псалъэ зэхэпхауэ, и лэжьэкIэр плъэгъуауэ, и цIыху хэтыкIэм гу лъыптауэ ар щапхъэ умыщIыныр щыуагъэшхуэт.

Сыт злэжьми, сыт стхыми, а нэхъыжьыфIым къызэрыщыхъунум, си Iуэху фIы хъуауэ къищIэмэ, зэрыгуфIэнум согупсыс. И макъыр тхьэкIумэм ит зэпытщ, и теплъэр нэгум щIэтщи, сызэрегупсысыр псэужым хуэдэущ. Ауэ зэрыщымыIэжыр къызощIэжри, дунейр нэщI сфIохъу. Мы бжьыхьэ уафэр къогъыхри, си гур нэхъри хегъэщI...

**КЪАНЫКЪУЭ Заринэ,**
*«Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, усакIуэ.*

*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар* **ЩОМАХУЭ Залинэщ.**





# «Аиссе» фильмым и трейлерыр къыдэкIащ

**АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ и Iэдакъэ къыщIэкIа «Аиссе» тхыдэ романымкIэ полнометражнэ художественнэ фильм трахауэ къыдэкIыным зэрыхуагъэхьэзырым теухуа хъыбар мызэ-мытIэу ди газетым тетащ.**

ЩЭКIУЭГЪУЭ мазэм и кIэхэм утыку кърахьэну фильмым и трейлерыр мы махуэхэм къыдэкIауэ интернетым щызэIэпах.

Иджы нэрылъагъу тщыхъуащ Адыгэ Республикэм, Санкт-Петербург къалэм, хамэ къэралхэм щытраха сценэхэм щыщ теплъэгъуэхэр.

Фильмым роль нэхъыщхьэр щызыгъэзащIэр къэбэрдей пщащэ, Нарткъалэ къыщалъхуа, Москва дэт «Гоголь-центр» театрым и актрисэ Мамрэш Светланэщ, Аиссе щыцIыкIум и ролыр игъэзэщIащ ЕхъулIэ Даянэ.

«Аиссе»-м йолэжь урысей кинокомпаниеу тIу - «Орёл», «Ракурс». Режиссёр нэхъыщхьэр Урысей Федерацэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, кинорежиссёр цIэрыIуэ Муратов Александрщ.

Кином шевалье 'Д Эди и ролыр щигъэзэщIащ Дряблов Евгений, Ермин Владимир граф де Ферриолу джэгуащ, Добровольская Евгение (мадам де Ферриоль), Лазарев Александр (герцог Орлеанский), Беляев Юрий (Мальтийскэ орденым и лIыкIуэщ), Ткаченкэ Артём (герцог Орлеанский и дэIэпыкъуэгъущ).

Аиссе и адэшхуэ-анэшхуэу джэгуащ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист Зыхьэ Заурбийрэ Адыгэ Республикэм и цIыхубэ артисткэ Уджыхъу Мариетрэ, фильмым хэтащ Адыгейм и лъэпкъ театрым и актёрхэмрэ «Налмэс» къэрал ансамблым и къэфакIуэхэмрэ.

Фильмым и продюсер нэхъыщхьэр Адыгейм и президенту щыта Щэумэн Хьэзрэтщ.

МэшбащIэ Исхьэкъ и романым лъабжьэ хуэхъуар къэхъуа Iуэхугъуэщ, зытеухуари адыгэ пщащэм и гъащIэм и къекIуэкIыкIа къызэрымыкIуэрщ.

«Аиссе»-р япэу экранымкIэ щэкIуэгъуэ, дыгъэгъазэ мазэхэм щалъагъунущ Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэухэм.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# Нартан урысей шууейхэр зэрешалIэ

**Жэпуэгъуэм и 17 - 18 махуэхэм Нартан къуажэм и Iэгъуэблагъэм щызэхэтынущ Урысейм шыгъажэ кIыхьхэмкIэ и чемпионат. Зэпеуэр зэгъусэу къызэрагъэпэщ Урысейм шы спортымкIэ и федерацэмрэ Адыгэшыр хъумэнымкIэ фондымрэ.**

КУЭД щIакъым шууей 60 зыхэта апхуэдэ дыдэ зэпеуэ Мэзкуу областым зэрыщекIуэкIрэ. Урысейм шы спортымкIэ и федерацэмрэ Дунейпсо шы спорт федерацэмрэ я нэIэ щIэту ар фокIадэм и 25 - 26 махуэхэм щызэхэтат «Отрадэ» шы зехуапIэм.

Япэ увыпIэр а зэхьэзэхуэм къыщихьащ километри 100-р псом нэхърэ нэхъ псынщIэу зэпызыча КъБР-м щыщ Махуэ Ахьмэд (и шым и цIэр Кармэльщ). Ещанэ увыпIэр зыIэрыхьари ди хэкуэгъу ЦIыпIынэ Ислъамщ (и шым и цIэр Джалиндэщ). ЩIалэхэм я ехъулIэныгъэхэр спортымкIэ мастер хъуну зызыгъэхьэзырыр зылъэIэсыпхъэм хуагъадэ. Километри 120-рэ зэпычынымкIэ зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр къыщихьащ Щоджэн Артур (и шым и цIэр Шухерщ), ар поув спортымкIэ мастер зыфIащыр зылъэIэсыпхъэ мардэм.

Урысейпсо мыхьэнэ иIэу апхуэдэ дыдэ шыгъажэ кIыхь зэпеуэ иджы КъБР-м щекIуэкIынущ. Нартан къуажэм пэгъунэгъу «Гуэрэн» шы зехуапIэм къекIуэлIэнухэр зэпеуэнущ километр 80, 100, 120-рэ, 160-рэ къызэрызэпачыф псынщIагъымкIэ. Дызэрыт зэманым шыгъажэм хэтыну хуейхэм я лъэIу тхылъхэр къыIах.

Шы хъыбар зыфIэфIхэр зыщыгуфIыкIын Iуэхущ Урысейм СледствиемкIэ и комитетым и интернет хэщIапIэм Багъ Мурат и IэдакъэщIэкIыу кърапъхьа «Шэрджэс дерби»-р дигу къыдогъэкIыж» тхыгъэри. Ар теухуащ иужьрей зэпеуэм и кIэм нэс хэта, адыгэшым тесу дунейпсо рекорд зыгъэува щIалищым я зым - юстицэм и подполковник Джатэ Щамил.

**ЧЭРИМ Марианнэ.**

● Хъыбар гуапэ



● ГушыIэхэр

## Уи бохъшэр къащтэт

Хъыджэбзыр и анэм йоупщI:

- Мамэ, таурыхъ псори «ЩыIащ-псэуащ» псалъэхэмкIэ къыщIидзэу ара?

- Хьэуэ, си хъыджэбз цIыкIу. «Си щхьэгъусэ лъапIэ, ныщхьэбэ сэ лэжьапIэм сыщымыгувэу хъунукъым», жиIэу къыщIидзэхэри яхэтщ абыхэм.

* * *

УэрамдэкI кIыфIым деж лIым мыцIыху гуэрым зыкъыщыхуегъазэ:

- Ярэби, мыбдежым хабзэхъумэхэм уащыхуэмызауэ пIэрэ?

- Хьэуэ. Ахэр мы щIыпIэм щызэхэзекIуэркъым, - итыжащ мыдрейм жэуап.

- Абы щыгъуэм уи бохъшэр къащтэт мыдэ! - жиIащ хъунщIакIуэм ткIийуэ.

* * *

Фэтэрым хэлъ уэзджынэр къэвууащ. Бжэр щыIуахым, къыIухьам гуапэу сэлам къарихащ:

- Фи махуэ фIыуэ! Сэ пианинэхэр зэтызоухуэ...

- Дэ апхуэдэ къедджакъым! - къыжраIэ унагъуэм щIэсхэм.

- Пэжщ. Сэ сыкъезыджар фэракъым, атIэ зи Iэпэхэр щIэуа фи пианинэм и макъым зи щхьэр щIезыгъэхьа фи гъунэгъухэрщ, - ящIэгубжьащ абыхэм IэпщIэлъапщIэр.

* * *

- Тенджыз Iуфэ телъыджэщ! Мыбдежым зыщыбгъэпскI хъуну? - зыгъэпсэхуакIуэ къэкIуахэр дыгъэ зезыгъэууэ щысхэм йоупщI.

- Хъунущ, - къат мыдрейхэми жэуап.

- КъегъэлакIуэхэр щыIэ мыбдежым?

- Хьэуэ. Ахэр акулэхэм щошынэри, мы щIыпIэм щылэжьэн ядэркъым.



● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

**Мы сурэтым щыфлъагъу ныбжьыщIэхэм къахэкIащ республикэм зегъэужьыным, лъэпкъым зегъэузэщIыным хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа лэжьакIуэхэр, дэтхэнэ зыми и цIэ фIыкIэ къыщIраIуэн IуэхуфIхэр къайхулIащ. Хэт егъэджакIуэ IэнатIэм хьэлэлу пэрытащ, хэти и къалэмыпэм къыщIэкI тхыгъэфIхэмкIэ цIэрыIуэ хъуащ.**

*(СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ)*: **Мэкъуауэ Зое, Журт Биберд, ГъукIэ Рае, Созаевэ ФатIимэ, Шафий Лидэ, Лайпановэ Софье, Мэлбахъуэ Елбэрд, Хьэмыкъуэ Марие сымэ.** *1964 гъэ*

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым бжьыпэр щызыIыгъ Прохладнэ и «Энергетик»-р хэзыгъэщIа Нарткъалэ и «Нартыр», тхьэмахуэ дэкIри, Балъкъ Iуфэ щызэтракъутащ.**

# Балъкъ Iуфэ щызэтракъутэ

● Футбол

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ щыпашэр ефIэкIын папщIэ нарткъалэдэсхэм къаруушхуэIуэ трагъэкIуэдауэ къыщIэкIынущ. Армырамэ, дауэ къызэрыбгурыIуэнур, абы иужькIэ тхьэмахуэ фIэкIа дэмыкIауэ, «Малка»-м бжыгъэшхуэ дыдэкIэ къызэрыхигъэщIар. «Нартым» и гъуэм хэгъэрейхэм топи 8 дагъэкIащ.

Хуабжьу гугъу зригъэхьын хуей хъуащ «Энергетик»-м, зи чэзу очкоищыр зыIэригъэхьэн папщIэ. «Бахъсэныр» абы къызэрыпикIуэта щыIэкъым икIи зы топ закъуэм джэгум кърикIуэнур игъэбелджылащ. Апхуэдизщ Бабугент щыIэу хэгъэрейхэм яхудигъэкIыфар пашэм кIэлъеIэ Налшык и «Спартак-Д»-ми. «Тэрчри» щытыншакъым Урыху къуажэм.

Къэрэгъэш щыIэу щIыпIэ «Иналыр» бжыгъэшхуэкIэ хигъащIэри, турнир таблицэм увыпIищкIэ зыщиIэтащ «Шэджэм-2»-м.

Зэхьэзэхуэм зыкъом щIауэ къыщыхэмыжаныкIами, «Энергетик»-м и гъуащхьауэ Иуан Азрэт гъуащхьауэхэм я зэпеуэм зэрыщыпашэщ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, мыгъэрей зэпеуэм ар 19-рэ къыщыхэжаныкIащ.

Фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым щекIуэкIа зи чэзу зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **0:1**, **«Малка»** (Малкэ) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **8:1**, **«Энергетик»** (Прохладнэ) - **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **1:0**, **«Инал»** (Къэрэгъэш) - **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтIуанэ) - **1:6**, **«Урыху»** (Урыху) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **2:3**, **«Къундетей»** (Шэджэм) - **«Налшык»** (Налшык) - **0:4**. Нэхъ иужьыIуэкIэ зэдэджэгунущ «ХьэтIохъущыкъуей» (ХьэтIохъущыкъуей) - «Шэрджэс» (Шэджэм), «Родник» (Псынэдахэ) – «Ислъэмей» (Ислъэмей) командэхэр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2020 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **«Энергетик»** | **18** | **15** | **1** | **2** | **85-22** | **46** |
| **2.** | **«Спартак-Д»** | **18** | **12** | **3** | **3** | **68-28** | **39** |
| **3.** | **«Тэрч»** | **18** | **12** | **2** | **4** | **40-17** | **38** |
| 4. | «Родник» | 16 | 10 | 4 | 2 | 48-23 | 34 |
| 5. | «Налшык» | 17 | 10 | 2 | 5 | 46-26 | 32 |
| 6. | «ХьэтIохъущыкъуей» | 17 | 9 | 5 | 3 | 44-37 | 32 |
| 7. | «Малка» | 18 | 9 | 4 | 5 | 59-44 | 31 |
| 8. | «Бахъсэн» | 18 | 8 | 3 | 7 | 42-34 | 27 |
| 9. | «Нарт» | 18 | 7 | 3 | 8 | 37-43 | 24 |
| 10. | «Шэджэм-2» | 18 | 5 | 1 | 12 | 30-53 | 16 |
| 11. | «Инал» | 18 | 4 | 4 | 10 | 40-71 | 16 |
| 12. | «Къундетей» | 18 | 4 | 3 | 11 | 25-56 | 15 |
| 13. | «Урыху» | 18 | 4 | 2 | 12 | 37-65 | 14 |
| 14. | «Ислъэмей» | 17 | 3 | 4 | 10 | 26-44 | 13 |
| **15.** | **«ЛогоВАЗ»** | **18** | **2** | **6** | **10** | **33-63** | **12** |
| **16.** | **«Шэрджэс»** | **17** | **2** | **3** | **12** | **35-69** | **9** |

# Дыщэу медалиплI

● Бэнэкlэ хуит



**Владикавказ щекIуэкIащ бэнэкIэ хуитымкIэ ныбжьыщIэхэм я урысейпсо зэпеуэ. Абы хэтащ 2003 - 2004, 2005 - 2006 гъэхэм къалъхуахэр.**

ОСЕТИЕ Ищхъэрэ-Аланием и къалащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм фIы дыдэу зыкъыщагъэлъэгъуащ. Ди щIалэхэщIэхэм урысейпсо зэхьэзэхуэм дыщэ медалу 4, дыжьынуи апхуэдиз, домбеякъыу 1 къыщахьащ.

Я хьэлъагъ елъытауэ 2005 - 2006 гъэхэм къалъхуахэм я зэпеуэм щытекIуащ Бэкъей Тембулэт (кг 28-рэ), Азэмэт Руслан (кг 38-рэ), Къэжэр Ислъам (кг 57-рэ), Фанзий Тамирбэч (кг 62-рэ). Iэщын Алихъан (кг 41-рэ), Хьэтанэ Ибрэхьим (кг 44-рэ), Бузд Чэрим (кг 48-рэ) сымэ етIуанэ увыпIэхэр яубыдащ.

2003 - 2004 гъэхэм къалъхуахэм я зэпеуэм и финалым щыбэнащ Жыласэ Рустамрэ (кг 55-рэ) Пекъу Абдуллыхьрэ (кг 92-рэ). АрщхьэкIэ абыхэм къыщыхагъащIэри, дыжьын медалхэмкIэ арэзы хъуащ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

# Венерэм блэкIыныр хэкIыпIэфIщ

● Хьэршым

**США-м и Мэриленд штатым хыхьэ Балтимор къалэм Хопкинс Джон къыщызэIуихауэ щыIэ университетым (Johns Hopkins University, и къудамэхэр Китайм и Нанкин, Италием и Болонье къалэхэм дэтщ) щылажьэхэм «Acta Astronautica» щIэныгъэ журналым хуагъэхьэзыра я тхыгъэм къызэрыхэщымкIэ, астрофизикхэм Марсым хуаутIыпщыну зыхуамурад хьэршыкIуэ кхъухьлъатэр а планетэм гъунэгъу хуэхъуным текIуэдэну зэманыр куэдкIэ нэхъ мащIэ ищIынущ, абы и гъуэгуанэр Венерэ планетэм блэкIыу хузэтраухуэмэ.**

ЩIЭНЫГЪЭЛIХЭМ къызэрабжамкIэ, Марсым нэсын папщIэ, апхуэдэ лъагъуэм техьа кхъухьлъатэм зекIуэм гъэсыныпхъэу щигъэкIуэщIынуми, зэрыщыту къатщтэмэ, тригъэкIуэдэнуми хэпщIыкIыу кIэригъэхунущ, астронавтхэми апхуэдэ гъуэгуанэр нэхъ шынагъуэншэу къахущIэкIынущ.

Нэхъапэхэм астрофизикхэм Марсым хьэршыкIуэ кхъухьлъатэ яутIыпщын и IуэхукIэ, и гъуэгуанэр щыпхыгъэкIын хуейуэ къалъытэу щытар а уафэщIымрэ ЩIы Хъуреймрэ уэгум зэрыщызекIуэ я орбитэхэр гъунэгъу щызэхуэхъукIэ, а тIум я зэхуаку дэкIыут. АрщхьэкIэ, апхуэдэ лъагъуэм техьа космонавтхэм къагъэзэжын папщIэ, а планетитIым я зэкIэлъыкIуэкIэр аргуэру зэтехуэху илъэситIым щIигъукIэ (мазэ 26-рэ) упэплъэн хуей хъунут.

Ауэ щыхъукIи, Хопкинс Джон и университетым щылажьэхэм Марсым нэхъ псынщIэу узэрынэсыну лъагъуэр здыпхышыпхъэр Венерэм и Iэгъуэблагъэр араэ къыщIалъытам щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ. Япэрауэ, хьэршыкIуэ кхъухьлъатэр а планетэм блэкIыу бутIыпщмэ, абы узэрызыщIишэ и гравитацэр, къызэрыпхущIэрыIэм къыхэкIыу, къыпхуэгъэсэбэпынущ. А Iуэхугъуэм, зэрынэрылъагъущи, зекIуэм текIуэдэну гъэсыныпхъэр игъэмэщIэнущ. Ар зыуэ. ЕтIуанэрауэ, кхъухьлъатэр Венерэм блэлъэтыкIыным тращIыхьмэ, космонавтхэм къыщагъэзэжыфыну пIалъэми фIы и лъэныкъуэкIэ зихъуэжынущ: апхуэдэ зекIуэкIэм ихьынур мазэ 19 къудейщ (япэрейм еплъытмэ, илъэс ныкъуэкIэ нэхъ мащIэщ).

Нэхъыщхьэжыр арщи, Венерэм блэкI лъагъуэу зи кIыхьагъыр илъэс иримыкъур а Iуэхур къезыхьэжьахэм абдежым щыпхашыфмэ, дяпэкIэ хьэршым кIуэ кхъухьлъатэхэр уафэщI жыжьэхэм хуэзыутIыпщыну зи мурадхэм я дежкIи, Марсыр псэупIэ зыщIыну зи гугъэ цIыхухэр ирищызэхэзекIуэн и лъэныкъуэкIи ар хэкIыпIэфIщ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэр дигъэнэщхъеящ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къалэ Хъызыр Мухьэмэд и къуэр** дунейм зэрехыжам. Ди гум къыбгъэдэкIыу дахуогузавэ ди лэжьэгъуу щытам и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм хэтхэм гущIыхьэ ящыхъуащ Мюнхен къалэм (Германие) и Хасэм и тхьэмадэу илъэс куэдкIэ щыта, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ **Шурдым Мысхьуд** дунейм зэрехыжар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм бухгалтер къэпщытэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Къалмыкъ Заремэ Хьэмыщэ и пхъум** хуогузавэ абы и щхьэгъусэ **Къалмыкъ Юрий БетIал и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ» газетым я лэжьакIуэхэр ГъуазджэхэмкIэ институтым и профессор **ЩауэцIыкIу (Хьэмыз) Людмилэ Хьэжсет и пхъум**, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу **Хьэмыз СултIан Хьэжсет и къуэм**, **Хьэмыз Руслан Хьэжсет и къуэм** яхуогузавэ абыхэм я анэ **Хьэмыз (Шэру) Хьэлимэт Хьэмид и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI
12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.990 ● Заказ №2161